O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI`
XALI`Q BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI
A`JINI'YAZ ATI'NDAG'I' NO'KIS MA'MLEKETLIK
PEDAGOGIKALI'Q INSTITUTI'

BASLAWI'SH TA'LIM METODIKASI' KAFEDRASI'
SABUROVA KAMSHAT

# PITKERIW QA'NIYGELIK JUMISI

Tema : **Axborat-resurs oraylarinda baslawish klass oqiwshilarina ta'lim-ta'rbiya jumislarin beriwdin' a'hmiyetli ma'seleleri**

**Ilimiy basshi`:** J.Abdijabbarova

**No'kis-2014**

Fakul`tet dekanı: dots. U.Seytjanova

Kafedra baslıg`ı : prof. M.Ayımbetov

İlimiy basshı : J.Abdijabbarova

İlimiy ma`sla`ha`tshi : dots. T.Saparbaev.

Tema : **Axborat-resurs oraylarinda baslawish klass oqiwshilarina ta’lim-ta’rbiya jumislarin beriwdin’ a’hmiyetli ma’seleleri**

Ma`mleketlik imtixan komissiya qararı :

ttın` pitkeriu qa`nigelik jumısı « » bahası

« » 2014 jıl

MAK baslıg`ı :

MAK ag`zaları:

# Tema: Axborat-resurs oraylarinda baslawish klass oqiwshilarina ta’lim-ta’rbiya jumislarin beriwdin’ a’hmiyetli ma’seleleri

## Reje:

**Kirisiw.**

**1 bap . Axborat resurs orayları  haqqında ulıuma tu`sinik .**

**1.1 Baslauısh klass oqıushılarının` axborat resurs orayları haqqında ulıuma tu`sinigi .**

**1.2. Baslauısh klass oqıushılarının` oy- pikirin o`siriude  oqıu a`debiyatlarının` ornı .**

**2-bap . Axborat resurs oraylarının` ta`lim- ta`rbiya sag`asındag`ı a`hmiyeti .**

**2.1. Mug`allimnin` baslauısh klass oqıushıların ha`r ta`repleme ta`rbiyalauda kitaptan paydalanıu usılları .**

**2.2. Baslauısh klass oqıushılarının`  kitap penen islesiuinde mug`allim ha`m ata-ananın`  g`amxorlıg`ı .**

**2.3.Okıushılardı klastan xam mektepten tıs islerde  kitap okıuga bolgan kızıgıushılıgın arttırıu usılları**

**Juwmaq.**

**Paydalanilg’an a’debiytlar.**

## Kirisiw.

**Bitiriu mamandıq jumıstın` aktualdıg`ı .**

Memleketimiz o`z g`a`rezsizdigine erisip bizdin` ta`lim sistemasında bir qansha o`zgerister juz berdi , «Ta`lim Zan`ı ja`ne Kadrlardı dayındaudın` u`lttıq dasturi » qabıl etilip ,bizdin` jastardın` o`z biliminin` damıuına shet elderge shıg`ıp, o`z ta`jiriybelerin bayıtıug`a ,qa`biletin juzege shıg`arıug`a sharayattar tuuıldı ,ne isteymin desede memleket qoldaydı .

Prezidentimiz İ.A.Karimov o`zinin` «Barkamol avlod arzusi» degen en`beginde Memleketimizdin` keleshegi jastar qolında ekendigin , sonın` ushın olardı kamil insan etip ta`rbieleu , olardın` jaqsı oqıp , izdeniuine barlıq sharayattardı jaratıp ja`rdem beriuimiz qajet ekendigin aytıp o`tti .

Jumısımızdın` aktualdıg`ı sonnan ibarat bizdin` ta`lim -ta`rbie sistemasında ken`estik da`uirde avtoritar stilde , anıq qılıp aytqanda buyrıq beriu , ko`rsetpe ja`ne eskertiu beriu men alıp sheklengen bolsa , sabaqta oqushının` pikiri esepke alınbastan , durıs ,nadurıs pikir bolsada mug`allimdiki tuurı bolar edi .Sabaqtın` qurlısı bir qa`lipte bolıp ,og`an jan`alıq engiziliui ,rejeni buzıushılıq dep qabıl etiletug`ın edi. Balalardın` huquqları esapqa alınbas edi. Sabaqlıqlardın` sapası to`men da`rejede ,mekteplerde sanitariyalıq auhalı nashar halda boldı.Shet ellerde jaslarımızdın` oqıuı , ta`jiriybe almasıuı , jumıs isleui qadag`an edi .

Mine g`a`rezsizdik elimizge ulken tabıstar , jetiskenlikter alıp keldi.
Degen men osı ken`estik da`uirden sarqıt bolıp qalg`an illetter , tilekke qarsı ayrım mektepterde orın alg`an .Osılardı bas ko`terip saptastırıu bizdin` burıshımız bolıp esepteledi .

**Pitkeriu qa`nigelik jumıstın` maqseti**.

Al pitkeriu qa`nigelik jumısımızdın` teması «Axborat-resurs oraylarinda baslawish klass oqiwshilarina ta’lim-ta’rbiya jumislarin beriwdin’ a’hmiyetli ma’seleleri.» dep ,mekteplerimizde mashqala bolıp atırg`an baslauısh klass oqıushılarg`a axborat resurs orayları arqalı, yag`nıy kitaptı su`yiuge , onı qızıg`ıp oqıug`a, ol arqalı oqıushılardın` oy- pikirin o`siriuge , du`n`yag`a ko`z qarasın ken`eytiuge , a`siresi a`debiy kitaplardı oqıp ,turmıstı u`yretiuge , oqıg`an

teoriyalıq bilimlerin turmısta a`melde orınlı qollana biliuge u`yretiuden ibarat Jasıratug`ını joq , ha`zirgi jaslar kitap oqıug`a qızıqsınbaydı , a`debiy kitaplardın` ornın komp`yuterdegi oyınlar , internet , agent qusag`an texnologiyalar basıp ketti . Kerek emes saydlarg`a kiredi .Degen menen biz ha`zirgi zaman texnologiyanı kritikag`a almaqshı emespiz.Biraq biz qa`leyik yaki qa`lemeyik bul na`rseler balalardın` ta`lim - ta`rbiyasına keri ta`sirin tiygizip atırg`anın, bilsekte , o`zimizdi bilmeslikke alamız .Sonın` ushın axborat resurs orayları menen baylanıstı baslauısh klasstan baslau kerekligin , olarg`a bolg`an qızıg`ıushılıqtı oqıtıushılar ha`m ata-analar arqalı a`melge asırıu kerekligin,olardın kitapqa bolg`an qızıg`ıushılıg`ı arqalı ta`lim- ta`rbiya beriu jolları ha`m usıllarınan paydalanıu , olardı rauajlandırıu ma`selesin ko`terdik .

Pitkeriu qa`nigelik jumısımızdın` maqseti axborat resurs orayları arqalı ta`lim - ta`rbiya beriude jan`a pedagogikalıq texnologiyag`a tiykarlang`an halda mekteplerde ayrım ta`jiriybeli mug`allimlerimizdin` o`zlerinin` sabaqlarında osı ma`selege itibarlılıg`ın ,onı sabaqta paydalanıu usılların , qala berdi novator oqıtıushılardın` sabaqların talıqlau onın` qaymaqların jaslarg`a propagandalau ,pedagogikalıq innovatsiya usılların o`z sabaqlarında qollanıu haqqında alıp barg`an baqlau ,ta`jiriybe o`tkiziu islerinin` na`tiyjesin talıqlap , onın` ta`lim tiziminde a`hmiyetliligin ko`rsetip beriuden ibarat.

**Pitkeriu qa`nigelik jumıstın` uazıypaları .**

Joqarıda atap o`tken pitkeriu qa`nigelik jumısımızdın` maqsetinen kelip shıg`a otırıp ,biz o`z aldımızg`a bir qatar to`mende ko`rsetilgen uazıypalardı belgiledik .

- Baslauısh klass oqıushılarına axborat resurs orayları haqqında ken` tu`rde tu`sinik beriu ,
- Baslauısh klass oqıushılarının` ta`lim - ta`rbiyasında axborat resurs oraylarının` a`hmiyeti u`lken ekenligin mug`allimnin` o`zi tu`sinip jetiui lazım .
- Baslauısh klass oqıushılarına axborat resurs orayları arqalı ta`lim - ta`rbiya beriu klasstan ha`m mektepten tıs jumıslarında a`melge asırıu .
- qalalıq mekteplerde a`siresi baslauısh klass oqıushılarında o`z sabaqlarında kitap , oqıu a`debiyatları haqqında ta`lim - ta`rbiya beriu usıllarınan paydalanıu ta`jiriybelerin uyreniu ,

-pedagogikalıq innovatsiya usılları arqalı baslauısh klass oqıushılarında sabaqtı sapalı ja`ne na`tiyjeli o`tiudi en jaydırıudan ibarat .

**Pitkeriu qa`nigelik jumısta qollanılg`an metodlar**

Joqarıda ko`rsetilgen uazıypalardı a`melge asırıu ushın – biz ta`repten Prezidentimiz İ.A.Karimovtın` Kadrlar tayarlaudın` milliy da`sturine baylanıslı miynetleri puxta uyrenilip shıg`ıldı.

**Pitkeriu qa`nigelik jumıstın` pedagogikalıq ilimiy metod sıpatında baspa so`z materiallar uyrenildi** .Sonday –aq baqlau , sa`ubettesiu , ta`jiriybe metodları paydalanıldı .

**Pitkeriu qa`nigelik jumıstın` izertlengen tiykarg`ı ob`ekti** – bastauısh klass oqıushıları bolıp esaplanadı .

**Pitkeriu qa`nigelik jumıstın` metodologiyası.**

Pitkeriu qa`nigelik jumısımızdın` teoriyalıq ta`repten ahmiyeti sonnan ibarat, bunda baslauısh klass oqıushılar menen ta`lim - ta`rbiya jumısların alıp barıu , sabaq o`tiu , balalar ushın ahmiyetli ekenligin ko`rsetip beriuden ibarat bolıp , bul mashqalalardı sheshiude paydalanılg`an usıl ja`ne metodtar na`tiyjeleri ko`rip shıg`ıldı salıstırıldı .

Al a`meliy jaqtan a`hmiyeti sonnan ibarat , bunda alıng`an materiallar ja`ne uyrenilgen jan`a sabaqlar , metodlar is ta`jiriybelerge tiykarlana otırıp juumaq jasaldı .

**Pitkeriu qa`nigelik jumıstın` qurlısı**. Pitkeriu qa`nigelik jumısımız ulıuma 60 betten ibarat bolıp kirispe ,eki bap , juumaq ja`ne paydalang`an a`debiyatlar diziminen ibarat . Jumısımızda paydalang`an a`debietter sanı 20 atamanı quraydı. Pitkeriu qa`nigelik jumısımızdın` aqırında usı islengen ha`m izlengen jumıslarımızdan kelip shıg`ıp ayrım oqıtıushılarg`a ,ata – analarg`a ken`es ja`ne usınıslardı keltirip o`ttik. .

## 1 bap . Axborat resurs orayları  haqqında ulıuma tu`sinik .

### 1.1 Baslauısh klass oqıushılarının` axborat resurs orayları haqqında ulıuma tu`sinigi .

Baslauısh klass oqıushılarının` axborat resurs orayları haqqındagı ulıuma tu`sinigi en daslep tar maniste boladı . Sebebi xazir zamanga say kitapxana kuramalı darejede bolıp , axborat resurs orayları dep juritiledi.

Ma'mleketimizde ba'rkamal a'wlad ta'rbiyasi jolinda ken' tarmaklı isler a'melge asirilmaqta eken, bul iste tek ilim oraylari ha'm baspaxanalar, radio-televideniye kibi insan ta'rbiyasinda belgili orin iyelegen sholkemler ha'm bul sharafli juwapkershilikti joqari da'rejede iske asırmakta . Olar arasinda "O'zbekistan" dep ataliwshi otaxon baspaxana ham balajanlar hu'kmine jollag'an bir neshe onlap kitapshalarinda kishkintaylarg'a xas a'jayip ha'm quwnaq du'nya payda etkenler. Baspaxana arqali shıkkan "shig'arma"lardi balalar bag'shalarinda ta'rbiyalanip atirg'an kishkentaylar, baslang'ish klass oqiwshilari qizig'iw menen oqiydilar ha'm a'lem-a'lem zawiq aladilar. Son'g'i – 2008-09-10 jillarda usi baspaxana ta'repinen chop etilgen kitaplar nafaqat jas ishqibazlar ushin, ba'lki olardin' ata-analari, pedagog-oqitiwshilar ha'm trenerler ushin ha'm. Sebebi bul kitapshalar olar ta'repinen balajanlarg'a oqip, obrazli hikaya qilip beriliwi, ro'llerge bo'lip oqitiliwi ushin ha'm mo'ljellengen. Qisqasi, bul kitaplar O'zbekistannin' ba'rkamal awladin ta'rbiyalawda qol keletug'in a'jayip qollanba bolip xizmet qiladi.

Ha'r gez kitap haqqinda so'z ketken suhbatlarda a'ne usi o'mir haqiyqati oyimg'a keledi. Na'zerimde, **kitap** ma'nawiy ashliq ha'm tashnalik mu'ta'jligin qandiriwshi en' a'hmiyetli, en' quramal , du'nyani tanig'an ha'm du'nya ta'n alg'an ulli shaxslardin' kitap haqqindag'i tasirleri usi ulli hayratlaniw belgisi sipatinda itibarli. Usi Orinda Alisher Nawayi ta'repinen "Ko'k gu'mbezi bezekli turib kisilerge baxit ha'm tole ulasadi", deye ta'rif berilgen Abu Hamid Fazzoliydin' estelikleri yadqa tu'sedi.

Jurjang’a barip, Abu Nasir Ismoiliyden ta’lim alip, ana jurti Tusqa qaytayatqan Fazzoliy jolda qaraqshilarg’a dus keledi. Bul waqiya hikmetin onin’ o’zi sonday su’wretleydi:

“Joltusarlar jolimizdan tu’stiler ha’m olar menin’ bar-budimdi alip qoydilar. Ketip atirg’aninda artlarinan erdim. Sonda olardin’ baslig’i mag’an qarap, “Arqan’a qayt! Sho’ring qursin! Bolmasa, o’lip qaliwin’ mu’mkin!” dedi.

“Sen onnan salamatliqti tileytug’in zat nami menen sorayman, tek kitaplarimdi qaytarip ber. Ba’ribir, sizlerge olardan payda joq. Men bul kitaplardag’I ilimdi alaman, dep saparg’a shiqqanman”, dedim. Ol ku’lip jiberdi-de: “Qanday qilip sen olardag’i ilimdi bilipsen’!? Biz olardi sennen tartip aldiq-qo! Sen olardan juda boldin’! Ilimin’nen ajralip qaldin’!” dedi. Son’ ol adamlarinan birine a’mir qilg’an edi, ol qaltani mag’an qaytarip berdi. Tusqa jetip barg’animnan keyin u’sh jil ha’reket qilip, ba’rshe kitaplardi yad alip, joltusarlar ilmimdi tartip alalmaytug’in bolip aldim”.

Iqrar boliwinsha, kitaplar Abu Hamid Fazzoliydi ulig’liq ha’m ju’kseltirdi. Joqariliq ma’rtebesine erisken alim ko’plep shig’armalar jaratqan. Onin’ bir g’ana shig’armasi – “Munoshafat ul-kulub”ti tu’rk tiline awdarg’an tu’rk alimi ha’m dilmash Yaman Ariyqan sonday jazadi: “Munoshafat ul-kulub” Fazzoliy neshe a’sirlergeri jaqqan ju’zlershe mashaladan bir danasi. Hesh qashan so’nbeytug’in, shashqan nur da’steleri zaman aralap son’sizliqqa qa’der tuwri oqip baratug’in mashala. Insan bar bolg’anina ko’rik, bul shig’arma ha’m insaniyat ushin bir nur orayi bolajaq, nurli azap, g’am-ta’shwishler ha’m ishinde tulg’anayotgan shaxslar, siymalar, ja’miyetler ha’m milletlerge tayar ha’m saodat jollarin ko’rsetejak”.

Ma’rifat menen g’ana emes, formasina ko’re ha’m suwg’a uqsar eken. Suw ta’biyatta bult, jamg’ir, puw, muz halatlarinda ko’ship ju’rgenindey, ma’rifat ha’m bilim formasinda insan an’in bayitadi, oylauın nurlantiradi ha’m ja’ne so’z formasindag’i, kitap qalipindeg’i qaytadi. Sonin’ ushin ata-babalarimiz jerde jatqan qag’azdi ha’m e’htiyotlab, og’an hu’rmet penen mu’na’sibette bolg’anlar. Teren’rek pikir ju’ritilse, bul ha’reket zamirida shunchaki tazaliq ha’m tejemkerlik g’ana emes, ba’lki teren filosofiya , joqari e’htiram jatqanin an’latadi. Allahtin’

qa’lemi insaniyatqa SO’Z formasinda, KITAP holida nozil etilgen. Negizi biz bilgen-bilmegen sheksiz barliqtin’ jaratiliwi Ta’n’rinin’ bir g’ana “Jaral!” (arabshasi “Kun”) degen SO’Zinin’ sharapatidir. Buni jaqsi bilgen ajdadlarimiz Kitapti, ha’tte onin’ pa’rshesin-de e’zoz etkenler.

A’dette, bu’gingi jaslarg’a a’sriy qa’driyatlarimizdi sin’diriw barisinda “ata-babalarimiz undaq qilg’an, ajdadlarimiz bundaq degen”, qabilindegi u’gitler ko’p takrarlanadi. Biraq zamana zayliga ko’re, quruq ta’kidlar ko’pte naf keltirebermeydi. Sol ha’reketler sebebin tu’sindirip, aqibetin izohlab berilsa, nasihatlar samaraliroq bolar edi.

Tuwri, bul temada ko’p ha’m xup aytilip atir. Biraq ayirim ta’repler itibardan shette qalmaqta. Sir emes, qalalarimizdin’ ha’r qa’deminde tu’rli tijarat dukanlarina dus kelinedi. Rayon oraylari, awil gu’zarlari, ha’tte ma’helle ko’sheleri ha’m o’zlerinin’ tu’rli ko’rinisindegi “sawda rastalari”na iye.

Olarda du’nyanin’ qay mu’yeshindegi ma’mlekette islep shig’arilg’an paypaqtan saqqizg’a tartip, tu’rli kiyimlergeshe, aziq-awqat mahsulatlarinan tartip, estelik sawg’a buyimlarina shekem tawiladi. Shet el attarlarinin’ zebu-ziynetleri peshtaxtalarg’a ko’rik bag’ishlaydi. Qaq jerge salafan to’sep, “du’kan qurg’an” jaymashilar ha’m o’z tavarlarinin’ Turkiya yaki Koreyanin’ “original”i ekeni menen maqtana aliwi mu’mkin. Ol na’rse-buyimlardin’ qayerden, qanday keltirilgeni bizge qaran’g’i. Bizdi basqa ma’sele qiziqtiradi. Qala, awillarimizdin’ en’ shetki jerlergeshe, Dubay, Rossiya, Qitay mahsulatlari kirip kelgen halda, Tashkentimizde yag’niy walayatimizda tarqalip atirg’an kitaplar nege peshtaxtalarg’a jetip kelmey atir? Bir g’ana ma’helle yaki awilda onlap tijarat do’kanlari is ju’ritgen halda, awil, ba’lki rayon, qala da’rejesindegi kitap du’kanlarinin’ sani barmaq penen sanawli ekenin qanday aytiw mu’mkin?

Kitap du’kanlari da’ramat keltirmeyme? Arnawli du’kanlar emes, du’kan ha’m “rasta”lar qasinda bo’limler, qosimsha peshtaxtalar sho’lkemlestiriliwinin’ imkani joqpeken? Ha’r qiyli bayramlar, tadbirlar, tuwilg’an ku’n ha’m tantanalar mu’na’sibeti menen sawg’a izlegen oqiwshi-jaslardin’ “dizimi”nde gu’lda’ste ha’m

qutishalar menen  birge kitaplar ha'm bolsa, sawg'a alg'an kisinin' ko'zleri shaqnap ketpeydima?

Mektep, awil kitapxanalarinin' iskerligi – ayriqsha tema.

Biraq bul orinda usi temag'a bir-eki awiz toqtalmasaq bolmas. Jaqinda o'zim islep atirg'an mektep kitapxanasi menen a'bden tanistim, tuwrirag'i, kitapxanashinin' da'rdin tin'ladim.

Kitapxanag'a tez-tez kirip turiwima qaramay, onin' awhalin ish-ishinen bilmes ekenmen.

- Orta jastag'i  oqiwshilar tez-tez keledi, - deydi kitapxanashi quwanip. – Sabaqta "Kishkene shaxzada" degen shig'armadan u'zindi oqipti. Qizig'ip qalisqan qusaydi, sol kitapti sorap kiyatir. Tilekke qarsi, bul kitap bizde joq. Bilemenki, bul kitap latin a'lipbesindegi o'zbek jaziwinda ayni jastag'i oqiwshilarg'a maslap baspadan shiqqan. Nahotki, sol maqsette baspa qiling'an kitapti mektep kitapxanalarina keltiriwdin' imkani bolmasa?!

Kitapxanashi haq! Oni qiynap atirg'an ma'seleni sheshiwdin' tu'rli jollari ha'm bar. Biraq bunin' ushin tashabbus, ha'reket ha'm pidayiliq kerek! Oqiwshilar loaqal "A'debiyat" sabaqliqlarinda piker etilgen  shig'armalar temasi menen tolalig'insha tanisiwlari lazim emespe?

Sonday halatta bir na'rse kewilge taskin beredi – son'g'i paytlarda Jurtbasshimizdin' a'debiyatqa qarap atirg'an itibari na'tiyjesi bolaraq ju'zege kelip atirg'an kitaplar menen tanispaqdamiz, bul pikirler oyaw ruxli kisilerdin' kewlindegi ga'p, da'wirdin' a'hmiyetli ma'selesi – a'hmiyetli ma'selenin' sheshimi sipatinda a'hmiyetke iye.

Hu'kimetimiz ta'repinen ta'lim dizimin reforma qiliw, barkamal awladti ta'rbiyalaw maqsetinde alip barilip atirg'an izshil siyasat jariq keleshekke isenim tuwdiradi.  Jurtbasshimizdin' aytqaninday, "Ta'lim dizimin reforma qiliw waziypalari tabıslı sheshilse, ekonomikaliq-siyasiy iqlim keskin o'zgeredi, adamlar an'inda demokratik o'zgerisler qarar tabadi. Insan ja'miyettegi ornin an'li ra'wishte o'zi belgileydi". Pirovardida "Ha'r qaysi insan Allah talag'a ada etken nayab qa'biliyeti ha'm ta'jiriybeli a'wele o'zi ushin, shan'arag'inin' milleti ha'm

xaliqtin’, ma’mleketinin’ abadanlig’i, baxit-saadati, manfati ushin toliq baxshida etse, bunday ja’miyet sonday ku’shli qa’liplesiwge erisedi.

## 1.2. Baslauısh klass oqıushılarının` oy- pikirin o`siriude oqıu a`debiyatlarının` ornı

Ma’limki ta’lim barisin sho’lkemlestiriwde oqiw a’debiyatlarining orni ju’da’ kerek.

Oqiw a’debiyati mazmuni pa’n ha’m onin’ ayirim temalarin u’yreniw ushin da’stu’rde ajratilg’an saat mugdarında mos kelishi, oqiwshilar tiyisli tema ha’m bilimlerdi an’li o’zlestiriw ha’m bekkemlewleri ushin sariplanatug’in waqittin’ belgilengen boliwi, usi menen bir qatarda ta’lim bazasina mas boliwi, ta’lim mazmunin belgilewde xalqara ta’jriybeler itibarg’a aliniwi za’ru’r.

Ja’miyettin’ mu’ta’jliklerin, oqiwshilardin’ o’mir ta’jiriybesin, pa’nnin’ ishki , oqiwshilardin’ imkaniyatlari ha’m qizig’iwlarin, o’qitiwdin’ metodlarin ha’m formalarin oqiwa’debiyatinin’ mazmunin belgilewde itibarg’a aliw za’ru’r. Onda keltirilgen atamalar, tu’siniklerdin’, nizam-qag’iydalardin’ , ha’diyselerdin’ izahlari pa’nde ha’m a’melde qabil qiling’an ha’m zamanago’ylesken atamalarg’a mas boliwi lazim.

Oqiw a’debiyati mazmunin belgilewde qoyilatug’in talaplardan ja’ne biri oqiwshilardi ka’sipke jo’neltiriw ha’m islep shig’ariw talaplarina mas bilimler menen qurallandiriwdir. Usi oqiw a’debiyatlar mazmuninda pa’n ha’m islep shig’ariwdin’ zamanag’o’y texnologiyasi tiykarindag’i da’liller, nizamlar, nazariyalar toliq keri boliwi kerek. Tabara artip baratirg’an ilmiy axbarat ag’imin ta’rtipke salip, qayta islew, oqiwshilarg’a jetkiziw ja’rdeminde olardi jan’a texnologik barisinda, texnika a’sbaplari menen islewge tayarlaw za’ru’r.

Oqiw a’debiyatlar jaratiwda bilimler mazmuninin’ pa’nge mas dizimin etiw a’hmiyetli waziypalardan biridir. Bul dizim pa’nnin’ tiykarg’i nazariyalarina tayanishi, na’zeriy qaraslardi a’melde qollawdin’ tiykarg’i jo’nelislerin keri ettiriwi

kerek. Nazariya mazmunin aniq keri ettiriw ushin onin’ tiykarg’i tu’sinikleri, nizam-qag’iydalari keltiriliwi itibarg’a alıngan .

Ba’rshe oqiw a’debiyatlardag’I materiallar mazmuni usi oqiw pa’ninin’ ta’lim barisindag’I waziypalari menen aniqlanadi. Bul waziypalardi a’melge asiriw ushin materiallar jeterli boliwi, onin’ aniq ha’m ra’wshan jaritiliwi, pa’nnin’ tiykarg’I mazmunin jaritiw ha’m o’zlestiriwge qosimsha materiallar beriliwi, ta’limnin’ mazmuni boyinsha oqiwshilardin’ tasa’wirlerin qa’liplestiriw ushin bul pa’ndi basqa pa’nler menen o’zara baylawshi oqiw materiallari keltiriliwi lazim.

Oqiw pa’nlerara baylaniw tema, bo’lim, pa’n, ilg’ar zamago’y axbarat texnologiyalarinan ha’m islep shig’ariwdan ajralmag’an halda kurslar mazmuni a’melge asiriliwi ha’m belgileniwi lazim. Ra’nlerara baylaniw bir maqset bolmay, ba’lki o’zlestirilip atirg’an bilimler ha’m iskerlik usillarin shuqir u’yreniwdin’ sha’rti ha’mdir.

Oqiw a’debiyatlar oqiwshilarda real barliqtin’ rawajlaniwi nizamlarin tu’siniw, oqiwshilardi watanparvarliq ruhinda ta’rbiyalaw, ma’mleketimiz g’a’rezsizligin bekkemlew, el bayliqlarinan maqtanish, o’z Watanin ko’z qarashig’inday asraw ka’mil taptiriw ushin xizmet qiliwi ha’m usi menen bir qatarda oqiw a’debiyatlarda ja’miyet , insan kamalatinda miynettin’ tutqan ornin ko’rsetiwge ayriqsha a’hmiyet beriliwi lazim.

Jaratilatug’in ha’r bir oqiw a’debiyati mazmuni oqiw da’stu’rine muwapiq ra’wishte jaritiliwi, ha’zirgi waqitta ha’r bir temani bayan etiwde onnan ma’lim da’rejede shetke shig’iwi, bilimlerdin’ puxta o’zlesiwin ta’miyinlewi lazim.

Ba’rshe oqiw a’debiyatlarda pa’n tiykarlarinin’ a’hmiyetli ta’repleri, oqiwshilardin’ a’meliy iskerliginde iyelegen bilimlerden paydalaniwg’a imkan beriwshi da’liller, tu’sinikler, nizam ha’m nazariyalar bayan etiliwi za’ru’r.

Sotsial-gumanitar pa’nler jo’nelisi boyinsha oqiw a’debiyatlar bayan etiletug’in materialdin’ mazmuni menen uyg’inlasqan halda ma’mleket g’a’rezsizligin bekkemlew, milliy ideya ha’m milliy qa’liplestiriwge baylanisli materiallar menen boliwi lazim.

Oqiw a’debiyati ta’lim mazmuninin’ zamago’y pa’n-texnika ha’m ma’deniyat jan’aliqlarina muwapiq qa’liplesip bariwin ta’miyinlewi lazim. Oqiw da’stu’rindegi materiallardi ilmiy bayan etiw, en’ a’wele, da’liller ha’m olardin’ alaqalarin haqqoniy keri ettiriw, waqiyalardi, olardin’ sa’dir boliw ha’m etiwi halinda alip u’yreniw, tiykarg’i tu’sinikler, nizamlar ha’m nazariyalardi ha’zirgi zaman ilim-pa’nine muwapiq ta’rizde da’liller ja’rdeminde tiykarlaw demek.

Oqiw a’debiyatinda oqiw da’stu’ri tiykarina qoyilg’an ba’rshe ilmiy ideyalar dizimli ha’m izshil aniq bayan etiliwi kerek. Ideyalardi keri ettiriwshi ilmiy nazariyalar ha’m uliwma nizamlar da’liller ja’rdeminde bayan etilip g’ana qalmay, tu’rli waqiya-ha’diyseler ha’m olardin’ nizamliqlarin ken’ aship beriwi ha’m za’ru’r.

Oqiw a’debiyatlarda o’z tapatug’in materiallardin’ ha’m ha’jmi oqiwshilardin’ qa’biliyetleri ha’m imkaniyatlarina muwapiq keliwi lazim. Har bir oqiw a’debiyatinda oqiw materiallarinin’ quramaliliq da’rejesi ta’biiy ra’wishte aship bariwi, oqiw pa’ni mazmunin ashiwda ishki baylanis, dawamiylik boliwi lazim.

Tanlang’an da’liller ko’p bolmaslig’i, lekin za’ru’r juwmaq ha’m uliwmalasmalar shig’ariw ushin jeterli boliwi za’ru’r.

Oqiw a’debiyatlar ekilemshi a’hmiyetke iye bolg’an ha’r qiyli materiallar, tu’rli detallar ha’m bo’limlerden hali boliwi kerek. Gu’rrin’ler ha’dden tis ken’eyip ketpesligi, oqiw a’debiyati materialindag’i tiykarg’i pikirdi ashiwg’a beretug’in na’rseler, o’mirde isletilmeytug’in da’liller berilmesligi lazim.

Oqiw a’debiyati jaratiwda da’stu’rde belgilengen tiykarg’I tu’siniklerden tisqari oqiw a’debiyati du’ziw barisinda kiritiletug’in ko’p g’ana tu’sinikler ha’m boliwin na’zerde tutiw lazim.

Oqiw a’debiyatinda bayan etilip atirg’an materialdin’ uliwma siyimlilig’I oqiw kursin u’yreniw ushin ajratilg’an saatqa muwapiq keliwi za’ru’r.

Oqiw a’debiyati materialin bayan etiwde pikirlewdin’ tu’rlishe formalarinan – ten’lestiriw ha’m qarama-qarsi qoyiw, induktsiya, tema boyinsha juwmaq shig’ariw, da’lillewdin’ tu’rli usillarinan ken’ paydalaniw lazim. Materialdi bayan

etiwde induktiv ha’m deduktiv jandasiwlar ortasindag’i keltiriw a’hmiyetli esaplanadi.

Uliwma orta ta’lim ha’m ka’sip-o’ner ta’limi ushin mo’ljellengen oqiw a’debiyatlarda miynet iskerliginin’ tu’rli ko’rinisleri, tu’rli ka’sipler menen tanistiriw, oqiwshilarda miynetke muhabbat tuyg’isin tarbiyalawda qaratilg’an materiallar boliwi kerek.

Oqiw a’debiyatlar jaratiwda qanday ilmiy mashqalalar qoyiladi, olardi saplastiriwda ha’m ta’jiriybelerdin’ a’hmiyeti qanday, materiallar bayani menen ilmiy biliwdin’ waziypalarin tu’siniwge xizmet qilama, bilimdi iyelewde a’meliyattin’ orni nelerden ibarat siyaqli sorawlarg’a juwap beriwi za’ru’r. Oqiw a’debiyatlar oqiw barisinin’ o’mir ha’m miynet penen baylanisin u’yreniwge, oqiwshilar zamannin’ a’hmiyetli mashqalalarin tu’siniwge xizmet qiliwi kerek.

Oqiw a’debiyatlar oqiwshilardi tu’rli zamanago’y axbarat texnologiyalari, islep shig’ariw tarmaqlarinin’ a’hmiyetli texnik qurilmalari ha’m texnik barisi, energetika, metallurgiya, mashinasazliq, ximiya sanaati, awil xojalig’i, transport, baylanis a’sbaplari ha’m basqalar menen tanistiriwdi ko’zde tutiwi lazim. Ma’mleketimizdin’ sotsial qurilisindag’i jetiskenliklerin jaritip bariw, ayirim texnika, islep shig’ariw tarmaqlarin rawajlandiriwg’a tiyisli waziypalardi alg’a su’riwi lazim.

Oqiw a’debiyatinda keltirilgen na’zeriy bilimler keyingi materialdi tu’sindiriwde ha’m, jan’a bilimlerdi iyelewde ha’m asqatiwi, yag’niy bilimlerdi iyelewde qollaniwi lazim.

Oqiwshilarda shuqir bilim ha’m ta’jriybenin’ payda boliwi ha’m olarda pa’nge bolg’an qizig’iwdin’ qa’liplesiwi ushin oqiw a’debiyatlar xizmet qiliwi, usinin’ menen bir qatarda, bilim oqiwshi qa’biletin asira bariwi za’ru’r.




1-su’wret. Oqiw a’debiyatlarinin’ formalari

Bayan etilgen bilimlerdin’ oqiwshilar ta’repinen shuqir ha’m puqta o’zlestiriliwin ta’miyinlew, olardin’ oqip biliwge bolg’an kush-g’ayrat ha’m qiziqiwlarin o’shiriw, oqiw a’debiyatinan tolaqanli paydalaniwlarina erisiw maqsetinde oqiw a’debiyatindag’i tekstke ra’wishte illyustratsiyalar, soraw ha’m tapsiriqlar keltiriliwi lazim.

Da’slep, oqiw a’debiyatlarinin’ formalari ha’m olardin’ tuwrisindag’i toqtalamiz, ol 1-su’wrette ko’rsetilgen.




2-su’wret. Oqiw a’debiyatlarinin’ tu’rleri

Oqiw a’debiyatlarinin’ tu’rleri bir neshe tu’rli bolip, ta’lim basqishlarinin’ oqiw-ta’rbiyaliq barisinda olardin’ 2-su’wrette ko’rsetilgen tu’rleri qollaniladi.

Sonday qilip, oqiw a’debiyati oqiw da’stu’rine qoyilg’an talaplarg’a juwap beriwi, u’yrenilip atirg’an pa’n mazmunin aship jeterli bolg’an siyimliqqa iye boliwi, jeterli illyustrativ elementlerge iye boliwi, oqiwshinin’ materialdi o’zlestiriw da’rejesin erkin bahalawi ushin o’z-o’zin tekseriw imkanin beriwshi bekemlewshi sorawlarina iye boliwi lazim.

## 2-bap . Axborat resurs oraylarının` ta`lim- ta`rbiya sag`asındag`ı a`hmiyeti .

### 2.1. Mug`allimnin` baslauısh klass oqıushıların ha`r ta`repleme ta`rbiyalauda kitaptan paydalanıu usılları .

Tariyxtan belgili, a’yyemnen shig’is xaliqlari perzent tarbiyalawg’a u’lken itibar berip kelgenler. Bu’gingi ku’nde ha’m zamanago’y jan’a awladti tarbiyalawda, en’ a’wele, milliy ta’lim ha’m aqlaqiy ta’rbiyani qa’liplestiriwdin’ tuwri jolin tan’lap aliw negizgi ma’sele bolip esaplanadi .

Axlaqiy ta’rbiyanin’ jollari bolip, olardin’ bir bo’limi milliy qadriyatimiz tiykarindag’i an’anaviy ta’rbiya bolip, ekinshisi zamanago’y usillarinan ibarat.

Jaqsi ta’rbiya ko’rgen perzent ha’m shan’araqta, ha’m ma’ha’llede, ha’m ja’miyette ayriqsha orin tutadi.

Allah perzentti du’nyag’a keltirip atirg’aninda onin’ ruxiyatina to’rt tuyg’ini qosip jaratar eken. Birinshisi a’dalat, ekinshisi haqiyqat, u’shinshisi ma’sumlik, to’rtinshisi kamalat tuyg’isi. Alimlardin’ ilmiy izleniwlerine ko’re, go’deklerde da’slep miy, keyin qa’lipleser eken. Miydi qa’liplestiriwde ja’ma’a’tshilik ta’siri menen birge oqilip atirg’an kitaplardin’ orni u’lken. Sebebi kitap bizdi tuwri joldi tabiwg’a, ka’millikke, jaqsi at qaldiriwg’a jeteklewshi bolip esaplanadi.

Ata-analar perzentlerine jaslig’inda ko’birek ertekler, tariyxiy gu’rrin’ler oqip beriwleri kerek. Bala kitap penen qanshaliq jaqin dos bolsa, ma’na’wiyatti, du’nyaqarasi o’sip baradi. Kitaplar arqali watanparvarliq, mehir-aqibet, kewilshen’lik, pidayiliq, jan’asha du’nyaqarasti rawajlandiriw mumkin. Sol sebep ilim aliw ha’m axlaqiy ta’rbiya insandi ka’millikke jetekleydi.

Milliy ta’rbiya tu’sinigi ken’ tu’sinik.

Onin’:

-milliy qa’driyatlar tiykarinda alip bariliwshi maqsetke jo’neltirilgen ta’rbiyaliq iskerlik;

-uliwmainsaniy ta’rbiyanin’ ha’r bir xaliqqa mas biytakrar shakli;

-xaliq ha’m onin’ ma’deniyatin saqlap qaliw, tiklew ha’m rawajlandiriw usili;

-O’zbekstan Respublikasi Kadrlar tayarlaw milliy da’stu’ri maqset, waziypa ;

-tu’rli milletler balalardi ha’r ta’repleme rawajlandiriw barisinin’ ma’na’wiy orayi;

-oqiwshilardi axlaqiy, miynetsu’yerlik, watanparvarliq, suliwliq, ekonomikaliq, ekologik ha’m basqa jo’nelislerde ta’rbiyalawdin’ bas usili ;

-milletlerara so’ylesiw ma’deniyatin ta’rbiyalaw ha’m onin’ na’tiyjesinde O’zbekstanda uliwmapuqaraliq tatiwliqqa erisiwdin’ insanparwarana joli ha’m usili;

-sotsial ta’rbiya ha’m mektep ta’rbiyasi uyg’inlig’inin’ pedagagik joli;

-sotsial-ma’na’wiy milliy qa’wipsizlikti ta’miyinlewdin’ strategic obekti ha’m usili;

-oqiwshilarda milliy stereotiplerdi maqsetli qa’liplestiriw, ma’nawiy bayitiw barisi ekenligi sonnan da’lalat beredi.

Milliy o’zlikti teren’ an’law ha’m jaratiwshan’liq maqsetlerine jo’neltiriliwinde shan’araqtin’ u’lken u’lesi bar ha’m onnan shan’araqtin’ o’zi ha’m manfaatdardir. Ata-ana shan’araqta perzentin ta’rbiyalar eken, bunda ja’ma’a’tshiliktin’ o’zine mas a’hmiyeti barlig’in inkar qilip bolmaydi. Sonday eken, ja’miyet penen shan’araqtin’ ta’rbiyag’a bolg’an talabi bog’langan bo’lishi zaru’r. A’zelden o’zbek xalqi ajdadlar esteligine muqaddes dep biledi, o’zbek shan’arag’i ul-qizlarida milliy minez-xulqi,  xulq ta’rbiyasi bolip keledi. Ata-ana abroyi milliy ta’rbiyanin’ tiykari.

Xalqimizdin’ ja’ne bir a’jayip an’analaridan biri balalardi  jasinan miynetke u’yretiwdir. Ha’miyshe o’z perzentlerin u’lkenlerge – ata-analarg’a, a’siresi, g’arrilarg’a hu’rmet ruhinda ta’rbiyalaw ha’m en’ go’zzal a’detlerimizden. Demek, shan’araq ortalig’i aqlaq-a’dep, ma’deniyat qag’iydalari tiykarinda sho’lkemlesken, bala shaxsinin’ tuwri qa’liplesiwi ushin sha’rt-sharayit jaratilsa, perzent tuwri ka’mal tapadi.

Shaxs ja’miyette miynet qiladi, oqiydi, bilim aladi ha’m ja’miyettin’ kishi bir ag’zasi bolg’an shan’araqta jasaydi, sebebi shaxs, shan’araq, ja’miyet mu’na’sibetleri o’z ara bekkem baylang’an.

Ha’r bi rata-ana perzentinin’ ma’na’wiy ta’repten joqari boliwin, jaqsi ta’rbiya ko’riwin qa’leydi. Biraq ma’lim mu’ddet kelgende, balam qarni ash, kiyim-bassiz qalmay atir-g’o dep tapqan pulin ta’lim ta’rbiyag’a sariplaw ornina u’lken toylar qiladi.

Bala qa’biliyeti erterek ashiliwi kerek bolg’an paytta biran na’rsege qizig’iwi payda bolsa, ananin’ ha’m isi joq. Olar balalari u’lken bolg’anda da’bdebeli toy qiliw ushin qarji jiynaw menen a’were. Biraq balalarina to’rt g’ana kitap alip beriwge awrinadilar. Ata-analardin’ biyparwalig’i, balanin’ tiykarg’i waqtin televizor alip qoyip atirg’ani, kitaplar  toqtap qalg’anlig’i balalarimizdag’i a’debiyatqa bolg’an qarastin’ so’niwine sebep bolip atirg’an halatdir.

Bala ha’m ata ortasinda jaqin bir hikmet bar. Jeti jasqa shekem siz balag’a qul boliwin’iz, jeti jastan on to’rt jasqa shekem bala sizdin’ qulin’iz boliwi kerek. On to’rt jastan ha’m onnan joqarig’a shekem siz bala menen ortaq boliwin’iz kerek eken. Balanin’ quli bolg’anin’izda ol neni bilmey, tu’sinbey sorasa, sorawlarina jerkpey juwap tawip beriwin’iz kerek boladi. Jeti jastan baslap bala du’nyani u’yrene baslaydi. U’rip-a’detlerdi, xulqti, a’depti u’yrenedi. Bulardin’ ha’mmesin u’yretiwge ata-ana juwapker, sebebi balani o’z waqtinda qayiriw kerek. Sonda bala sizdin’ qulin’iz boladi. Onnan u’lken bolg’anda du’nyani tu’sine baslag’an boladi. Balan’izdin’ rayina qarawin’iz, pikirin esitiwin’iz kerek. Eger hu’kimin’izdi o’tkize bersen’iz, usi jasta ha’m bala qulliq da’wirin o’tkizip atirg’an boladi.

13-14 jas Allah ta’repinen berilgen  ko’rinetug’in en’ a’jayip da’wir. Balaliq toqtamay o’zgereberedi, o’spirimlikte bolsa pikirlew baslanadi. A’yni usi da’wirde, balaliqtan kiyatirg’an qatar go’zzalliqlar nabit boladi. Perzentlerimiz mine usi o’z u’yine, du’nyag’a siymay qalg’an bir da’wirde biz olardi kompyuter menen jalg’iz qaldirip atirmiz. Balalar ko’birek a’debiy kitap oqiwlari kerek. Olarg’a milliy qa’driyatlarimizdi jaziwshilarimiz, tariyxshilarimiz, ulli ajdadlarimiz Ulig’bek, Beruniy, Ibn Sino, Al-Xorezmiyler misalinda qa’liplestireyik, solardan kiyatirg’an axlaq, iyman, jetiklik perzentlerimizdin’ mu’lkine aylansin.

Ha’zirde milliy hu’jdandi qa’liplestiriw – taraqqiyotimiz omili esaplanadi. Sebebi milliy hu’jdan jaslarimizdin’ kewline mehir-muhabbat, xalqimiz tariyxin, tilin, a’debiyatin, dinin, ma’deniyatin, awladlar mezonini teren’ biliw ha’m olardi du’nyag’a jariya  etiw ushin zamin jaratadi.

Barkamal awlad – jurt istiqboli dep biykarg’a aytilmag’an. Barkamal awlad bizdin’ keleshegimiz. Biz jas awladqa tariyxiy, ma’nawiy miyrasimizdi teren’ an’lasaq, jurtimiz ja’nede gu’llep jasnaydi. Amir Temur, Jalaliddin Ma’n’giberdi, Na’jmiddin Kubralardin’ ma’rtligi, jasaratin, olardan o’rnek aliwimiz kerekligin uqtiriw kerek. Ulli oyshil  shayirimiz Alisher Nawayinin’ bay miyrasi haqqinda, Mirza Ulig’bek, Za’hiriddin Muhammed Baburlardin’ o’mir joli haqqinda, Abu Ali Ibn Sinanin’ tibbiyat pa’ninin’ jetekshisi ekenligin biz jas awladqa jetkiziwimiz kerek. Olardi jaman joldan ju’riwlerine jol qoymasliq, jaman pikirli kisilerden jiraq ju’riwlerine u’yretiwimiz lazim.

Bunda a’debiy a’debiyatti ko’birek oqiw, ondag’i ta’limiy qaraslardi o’mirde inam  etiw ha’m bul menen ka’mil insan bolip ta’rbiyalaniw lazim.

G’a’rezsiz O’zbekistanda yoshlar ta’limi aliwi ushin ba’rshe sharayitlar jaratilg’an. Jaslardin’   uaziypasi tariyxiy miyrasti asrap abaylag’an halda og’an sadiq perzent boliwdir.

**Tema: Kitapqa iqlas**

**(4-klasslar ushin sayaxat sabag’i)**

Sabaqtin’ maqseti:

a) O’tmishtegi watanparwar alimlarimizdan Abu Ali ibn Sino o’miri menen tanistiriw, onin’ kitapqa bolg’an muhabati haqqinda gu’rrin’ qiliw arqali oqiwshilar kewlinde ha’m sonday tuyg’ilar payda qiliw;

b) oqiwshilarda ajdadlarimiz menen maqtaniw sezimin ta’rbiyalaw;

s) oqiw ko’nlikpelerin qa’liplestiriw, baylanisli so’ylewdi o’siriw.

Sabaq tu’ri: jan’a bilim beriwshi, hikoya oqiw sabag’i.

Sabaq metodi: So’zlik oqiw, suhbat, tarmaqlaw, erkin islew.

Sabaq qurallari: Buxara. Samarqand, Registan maydanlari ko’rsetilgen su’wretler, Abu Ali ibn Sino, Amir Temur, al-Buxariy, Alisher Nawayi,

Za'hiriddin Muhammed Babur ha'm basqa usi siyaqli bir qansha maqtanishimizg'a aylang'an ajdadlarimizdin' portret-su'wretleri ha'm olar qa'lemine tiyisli hikmetli ga'pler jazilg'an plakatlar, shig'arma mazmunina islengen su'wretler.

Sabaqtin' barisi:

O'tilgenler ju'zesinen qisqasha takrar.

- ”O'zbekstan – Watanim, menin'” bo'liminde qanday bilimlerge iye bolg'an edik?

- O'zbekstanimizdin' biytakrar tabiyati ha'm xalqimizdin' ha'zirgi pa'rawan o'mirin bilip alg'an edik.

- Endi bolsa, a'ziz balalar, bu'gin biz Watanimizdin' o'tmishine sayaxat qilamiz.

(Taxtag'a ”Watanimiz o'tmishinen” temasi jazip qoyiladi).

Bu'gingi sayaxatimiz Buxarag'a boladi. Sayaxatshilarimiz bir neshe tilsimlarni sheship, tekshelerden shiqsa, Buxara da'rwazalari olar ushin ashiladi.

(”Soraw-tapsiriqlar” jazilg'an kartoshkalar saling'an konvert topar sardarlarina beriledi. Taxtag'a ulli shaxslar portreti, tariyxiy jaylar su'wretlengen su'wretler ilip qoyiladi. Oqiwshilar olardan paydalanip, sorawlarg'a juwap tayarlaydilar).

- Tariyxta jasag'an ulli alimlar, sarkardalar, shayir ha'm jaziwshilar atin aytin'?

**- Abu Rayhan Beruniy, al-Xorezmiy, Abu Ali ibn Sino, Sahibqiran Amir Temur, Alisher Nawayi, Yusup Xos Xajib, Zahiriddin Mangiberdi ha'm basqalar.**

- Buxarada qanday tariyxiy jaylar bar?

**- Sitarai Mohi Xosa, Minorai Kalon, Ark, Labi hovuz.**

- Buxarada qaysi ulli shaxs jasag'an?

**- Abu Ali ibn Sino.**

- Endi sizler menen Buxaranin' tarkibiy jerlerine jol alamiz.

Mine bul Buxara tariyxinda jasap o'tken alimlar haqqinda mag'liwmatlar beriwshi muzey (su'wreti ko'rsetiledi).

Ha'zir ibn Sino ushin ajratilg'an xanag'a kiremiz.

Diywalg'a ilip qoyilg'an ibn Sina portreti ha'm ol haqqindag'i pikirler jazilg'an jaziwlarg'a oqiwshilar itibari qaratiladi ha'm oqitiladi.

1. Abu Ali ibn Sino – oyshil.

2. Abu Ali ibn Sino – ulli ha'kim.

3. "Men tu'nleri az uyiqlap, ku'ndizleri ha'm ilimnen basqa na'rse menen shug'illanbas edim". (ibn Sino)

4. "Bir ku'ni shaxtan kitapxanag'a kiriwge ha'm tibge tiyisli kitaplardi oqiw ushin ruqsat soradim. Shax mag'an ruqsat berdi". (Abu Ali ibn Sino).

5. Ibn Sino da'riwarlar tayarlaw, ju'rek keselligi, jarraxliq ha'm basqa qa'niygelerge tiyisli 400 den ziyat shig'arma jazg'an.

6. Abu Ali ibn Sino qosiqlar ha'm jaratqan:

1. Ko'p shigel tu'gindi an'lamadim, sheshdim,
Sheshilmey qalg'ani – bir g'ana a'jel.

- Ibn Sinonin' ja'ne qanday hikmetli so'zlerin bilesiz?

1. Izzet tilesen', ko'p deme,
Sihat tilesen', ko'p jeme.

2. Qam suwdi ishpe,
Sawliqtan keshpe**.**

**Oqitiwshi:** Ha'zirgi ku'nde jasap ijod etip atirg'an jaziwshi-shayirlarimiz ha'm ibn Sino haqqinda o'z shig'armalarin – raman, hikaya, qosiqlar jaratpaqtalar, izertlew jumislarin islemekteler.

Men sizlerge ha'zir bir qansha sorawlar menen mu'rajat qilmaqshiman. Garchi sabag'imizda biraz sheginiw bolg'ang'a uqsasa-da, biraq olar temamizg'a baylanisli.

Ha'zir oqiw sabag'i. Bul sabaqta biz en' a'wele, so'ylewimizdi o'siremiz. So'ylewdi ne arqali o'siremiz? Tuwri, kitap arqali. Kitap bizge ne beredi? Oni qanday asraw kerek?

Kitap bizge ne deydi?

Kelin', kitapqa bolg'an o'z mu'na'sibetimizdi keri ettiriwshi so'zlerdi aniqlasaq.

Oqiwshi:

Tanisayiq, men-kitap,

bilimlerge ka’n.

Bayliq bereyin sansiz,

Bolsan’ eger qa’dirdan.

Lekin jirtip, burdalap,

Kemeytirme .

Sennen ja’ne bir talap,

Iplas qilma hesh jag’im.

- Mine endi kitapxana aldina baramiz. (Javondan ibn Sinonin’ “Tib qonunlari” kitabi oqiwshilarg’a ko’rsetildi). Bu’gin biz jaziwshi-alim Mirkarim Osimnin’ “Kitapqa iqlas” shig’armasin oqiymiz. Qa’ne, bul kitapta babamiz Abu Ali ibn Sino haqqinda neler deyilgen eken.

(Oqitiwshi shig’armasinin’ 1-bo’limin qilip oqip beredi.

Shig’arma ju’zesinen kiriw suhbati o’tkiziledi.) Qatardan an’laydi, ga’p kitapqa bolg’an hu’rmet, kitapqa bolg’an intiliw, qizig’iw, iqlas haqqinda barmaqta.

Shig’arma arqali ibn Sino haqqinda neler bilip, aldin’iz? Ibn Sino qanday da’wirde jasag’an eken? Ibn Sino u’yine qay ahwalda qaytti?

(Oqiwshilar oqilg’an shig’arma mazmuninan tu’singenlerin juwap sipatinda so’zlep berediler).

Endi “So’zler a’lemine sayaxat”imizdi baslaymiz.

Onda shig’armada ushrag’an, siz ushin qiyin tu’yilgen so’zler ma’nilerin an’lap alamiz.

(“So’zler so’zligi” dep jazilg’an karton-lavha taxtag’a ilip qoyiladi. Oqiwshilar so’zlerin oqiydilar ha’m da’pterlerine jazip aladilar. Olardin’ ma’nisin taxtadag’i izahli so’zlikke qarap aniqlaydilar. Ayirim tu’sinbegenlerin oqitiwshidan soraydilar).

**Qarabug’raxan –** Arqa Tu’rkistan xani.

**Suran –** shawqim, topalan.

**Seyil –** birar jerdi tamasha qiliw.

**Jaraq –** qural.

.

(Qaysi oqiwshi so’zler ma’nisin tuwri jazip berse, usi sayaxatshig’a ibn Sino kitapxanasina kiriwge ruxsat beriledi.

Oqiwshilarg’a shig’arma mazmuni ju’zesinen reje du’ziw erkin jumis sipatinda tapsiriladi).

**Tapsırma .** Tekstti ishin’izden oqin’.

Ha’r bir bo’limge reje du’zin’.

1. Qarabug’raxan xalq basina qara ku’nler saldi.
2. Ibn Sinonin’ tu’n’gi shinig’iwi.
3. Kitapxana at ishinde.
4. Ibn Sinonin’ u’yge qaytiwi.
8. Ha’r bir reje tiykarinda shig’armani bo’limlerge bo’lip oqiw.
9. Reje tiykarinda toliq ha’m izshil qayta hikayalaw.
10. Sabaqti juwmaqlaw ha’m ta’rbiyawiy juwmaq shig’ariw**.**

**-** Kitapti ne ushin bilimler ka’ni deymiz?

- Kitap oqig’an adam onnan ne aladi?

- O’zin’iz oqig’an kitaplarin’iz haqqinda aytip berin’.

- Ibn Sino babamiz sizde qanday ko’rinis qaldirdi? Sizde nege intiliw payda qildi?

Sayaxatimiz ibn Sino kitapxanasinda toxtaydi.

(Oqitiwshi kitapxanadag’i kitaplar balalar so’ylewin rawajlandiriw, pikirlew qa’biliyetlerin o’siriwde a’lemshumil a’hmiyetke iyeligin ha’m bunin’ ushin bar bilim ha’mde mahoratni iske saliw lazimlig’in maqset qilg’an halda sabaqti juwmaqlaydi).

## 2.2. Baslauısh klass oqıushılarının` kitap penen islesiuinde mug`allim ha`m ata-ananın` g`amxorlıg`ı .

Baslauısh klass oqıushılarının` kitap penen islesiuinde mug`allim ha`m ata-ananın` jardemi ayrıksha orındı iyeleydi . Balalardin’ oqiwin sho’lkemlestiriwdegi ata-analardin’ ko’megi u’sh bag’darda a’melge asadi. Ata-analar balanin’ jaqsi oqiwina qalay ko’meklesedi.

1. Ku’nlik rejimdi saqlaw – balanin’ tabisli oqiwinin’ a’hmiyetli jag’dayi.

2. Ata-analardin’ u’yge berilgen tapsirmani balalardin’ orinlawin baqlawi.

3. Ata-analardin’ balalardin’ u’ydegi oqiwin sho’lkemlestiriwdegi tiplik qa’teleri.

Ata-ana oqiwshilardin’ ku’nlik rejimin uyimlastiradi ha’m baqlaydi: o’z betinshelikke u’yretedi. Mug’allim ku’nlik rejimdi saqlawdin’ za’ru’rligine ata-analardin’ ko’zin jetkeriwi tiyis. Ol isenimli misallarg’a su’yene otirip, ku’nlik rejimdi saqlaw balanin’ oqiwshi minnetin orinlawina, dep sawlig’inin’ bekkemleniwine, nerv sistemasin sharshawdan saqlawg’a jag’day du’zetug’inin da’lillep ko’rsetedi. Oqiwshilardin’ 20 protsentinin’ baslawish klasslarda sabaqtan u’lgermewi olardin’ dep sawlig’inin’ to’menliginen bolip otir.

Oqiwshinin’ oqiw jumisin, sabaqtan bos waqittag’i u’ydegi basqa da minnetlerin rejelestiriw waqtinda solardin’ ba’rine de belgili waqit bo’liw kerek ekenin ata-ana na’zerde tutiwi tiyis. A’lbette ayirim waqitlarda ulin yamasa qizin ku’nlik rejimnen tis na’rselerge jumsawg’a tuwra keletug’in jag’daylarda da ushirasip otiradi. Biraq, balanin’ waqitta ne menen shug’illanip atirg’anin esapqa almastan birdeyine jumsay beriwge bolmaydi. Geyde minaday jag’day ushirasadi, oqiwshi kitaplarin jayip taslap, sabaq oqiwg’a endi g’ana kiriskende, oni dukayg’a jumsaydi, balasi qiziq kitap oqiy baslap edi – gu’l suwg’ariwg’a jumsadi, qizi otira qalip keste tige baslap edi, - u’kesin oynatip keliwge jiberdi. Balanin’ nerv sistemasina baylanisti bir jumistan ekinshi jumisqa o’tiw geyde tez, geyde a’ste a’melge asip otiradi.

Nerv sistemasi ha’reketshen’ tiptegi balalar bunday da bir jumistan ekinshi jumisqa ap-an’sat o’zgerip, oni tez men’gerip ketedi. Al nerv sistemasi a’ste jumis isleytug’in balalar bundayda qatti qiynaladi. To’mengi klass oqiwshisi o’zinin’ jas o’zgesheligine sa’kes bir jumistan ekinshi jumisqa an’sat o’zgerip kete almaydi. O’zi kirisip ketken jumisti taslap, ekinshi bir jumisti baslaw ushin balanin’ o’z aytqaninda turip, ata-ananin’ aytqanin islemew  bolg’an ta’biyg’iy ishki umtiliwdi jen’iwine tuwra keledi. Al bunin’ na’tiyjesinde uliwma naraziliq, o’kinish sezimi payda boladi.

Geyde bir jumistan ekinshi jumisqa o’zgeriwdin’ qiyinlig’ina baylanisli ta’biyg’iy ishki tilek turpayiliq tu’rinde ko’rinedi. Sheshesinin’ yamasa a’kesinin’ basqa bir jumisti islew jo’nindegi usinisina bala ku’tpegen jerden: “Hesh qayda da barmayman. Birdeyine qiziqli bir na’rse islew baslamasam boldi, qasaqana basqa jumisti baslawg’a ma’jbu’r etesizler”, - dep aytip saladi. Ata-ana balanin’ basqa jumisti baslawina, o’zin sol jan’a jumisqa psixologiyaliq jag’inan tayarlawina waqit beriwi tiyis. Ma’selen, qiziq kitap oqip atirg’anda, oni du’kang’a jumsaw kerek bolip qaldi. Sheshesi qizina bilay deydi: “Aysara sol betti oqip bolg’annankeyin, du’kang’a barip keliwin’ kerek. Mine mina jerge aqsha qoydim” yamasa ulina: “pa’riklerin’di jonip bol, 10 minuttan keyin stol jasaymiz” – dewge boladi.

Balani tiykarsizdan tiykarsiz bir jumistan ekinshi jumisqa ko’shire beriwdin’ (eger bul a’detke aylanip ketse) ziyanli ta’repi de bar. Bala baslag’an jumisti pitkermesten, taslap ketiwge ma’jbu’r boladi. Al bul sistemag’a aynalsa, oqiwshida jaman a’det – baslag’an jumisti aqirina jetkizbey taslap ketiw a’deti ta’rbiyalanadi.

Bul na’rseni to’mengi klasstag’I balalardin’ ata-analari esapqa aliwi tiyis, o’ytkeni balalardin’ o’z waziypalarina, sabaqqa ja’miyetlik tapsirmalarg’a, miynetke qatnasi da tap usi jasta qa’liplese baslaydi.

Kunlik rejim balalardin’ taza hawada minnetli tu’rde boliwin esapqa alip du’ziledi. Mug’allim ata-analardin’ bul talapti buzbawin atap ko’rsetip otiradi. Solay etip ata-analar o’zlerinin’ basli minnetli u’ydegi waqitti sho’lkemlestiriwde

kishi mektep jasindag'i balag'a ko'meklesiw ekenin jaqsi tu'siniwi tiyis. Jiynaqli, otira biletug'in ha'm ziyrek bala sabaqta jaqsi jumis isleytug'in boladi.

Mug'allim ata-analarg'a oqiwshilardin' u'yge berilgen tapsirmani orinlawin qalay baqlap otiriwi tiyis ekenin aytadi. En' da'slep kundelikli u'yge berilgen tapsirmanin' ku'ndelikke jazilip bariliwin baqlap otiriw za'ru'r. Keyin onin' orinlaniwin, son'inan onin' orinlaniwinin' durislig'in ko'riw sha'rt. U'lkenler da'pterdegi qa'teni ko'riw menen da'rhal oni ko'rsetiwge asiqpawi kerek. Bala o'zin-o'zi tekseriwge u'yreniwi kerek. Da'slep bilay dew kerek: "Sen esapti qa'te shig'aripsan', usinday esaplardin' duris orinlang'anin klassta qalay tekserip edin'ler, soni yadin'a tu'sir, qa'ne. Qa'tenin' bar jog'in qanday usil menen tekseriwge boladi? Bunnan hesh na'rse shiqpag'anda g'ana barip qa'tesin ko'rsetiwge boladi.

Ko'binese ata-analar balag'a mug'allimnin' tapsirmalarinan tis qosimsha (o'z pikiri boyinsha ju'da' kerekli) sabaqliq tapsirmalar juklep qoyadi. Bunday ata-analardin' balasi tapsirmani aldi menen basqa qag'azg'a orinlap alip, son'inan taza da'pterge ko'shirip jazadi. Eger mug'allim u'yde eki toptag'i esaplardi sheshiwdi tapsirsa, ata-analar ko'p shig'arsa jaqsi boladi degen oy menen to'rt toptag'i esaplardi da shig'artadi. Onin' u'stine olardin' ba'ri bos waqittin' esabinan orinlanadi. Bala ha'sirep, tez sharshaydi ha'm jaqsi oqiwdin' ornina to'men oqiytug'in boladi. Onin' o'zi ushin awir ha'm qiziqsiz miynetke aynalg'an oqiwg'a degen intasi to'menleydi. Mug'allim ata-analarg'a balag'a qosimsha beriletug'in tapsirmanin' sani menen mazmunin minnetli tu'rde o'zi menen kelisip alip otiriwi kerektiligin tu'sindirip qoyiwi za'ru'r. Balalar geyde mektepten kele salip, sabaq oqiwg'a kirisedi. Balanin' bunisin geypara ata-analar maqullap ju'redi. Al balalar bug'an bir jumistan ekinshi jumisqa tez o'zgere bilmegenlikten baradi.

Duris du'zilgen ku'nlik rejim balanin' mektepten keyin dem aliwin, qidiriwin, onnan keyin g'ana sabaq oqiwg'a kirisiwin talap etedi. Mug'allim ata-analarg'a sabaqqa tayarlaniwing'a ortasha qansha waqit kerekligin, ayirim balalardin' jeke o'zgesheliklerine ha'm o'siw barisina qarap qansha waqitqa jilisiwg'a jol beriwge bolatug'inlig'in tu'sindirip otiriwi tiyis.

Sabaq tayarlawda uzaq otiriw – og’an jaqsi tayarlaniw degen so’z emes. Tez orinlap taslawg’a bolatug’in tapsirma u’stinde uzaq waqit tayarlaniwdi a’dette balalar diqqatinin’ turaqsizlig’I menen, onin’ bir na’rsege o’zin ja’mley almaytug’inlig’I menen tu’sindiriwge boladi. Bala bunday jag’dayda ma’selen, bir qatardi jazip boladi da, basqa ya’rsege alan’lap klassta bu’gin ne bolg’anin ayta baslaydi; jaziwg’a ja’ne aynalip keledi de, ja’ne de alan’lap, endi qa’lemnin’ ushin shig’ara baslaydi ha’m t.b. A’lbette bul jag’day tapsirpanin’ orinlaniw sapasina ta’sir etedi. Balani otira biliwge u’yretiw ushin ata-ana balani tapsirmani orinlap u’lgeriwge waqit belgilep aldina saatti qoyadi; bala saatqa qarap otirip, o’z jumisin waqitqa bo’lip orinlaytug’in boladi.

Balalardin’ barlig’I birdey da’rejede o’se bermeydi, ayirim balalar 1 klasstan baslap-aq oqiw materialin to’men men’gerip, artta qala baslaydi. Bul kemshilik belgili waqittan keyin joyiliwi da mu’mkin, biraq ayirim ata-analar og’an shidamastan, bir neshe saatlap balanin’ qasina otirip alip, sabaqti miyina “quya baslaydi”. Ashiwlanip balasina (yamasa qizina) baqiradi, og’an “qumka’lle”, “mawbas” degen atlardi tag’adi. Na’tiyjede is alg’a basiwdin’ ornina keyin ketedi bala o’zin sa’tsizliklerine  gu’nali retinde ko’rip, oqiwdi, ha’tte geyde mektepti jek ko’redi. Ata-ananin’ shidamlilig’i, qatnastag’i  ken’peyillik ton balanin’ oqiwina tabisli ja’rdemlesiwdin’ a’hmiyetli sha’rti.

Ata-analardin’ basli waziypasi – balanin’ sabaq tayarlawg’a qashan otirg’anin bilip barlig’in pitkerdi me, soni tekserip, sorawg’a juwapti qaydan izlewdi aytip, biraq tayar juwabin aytpay, balalardin’ o’z betinsheligin ta’rbiyalaw.

**Balanin’ oqiwg’a intasin qalay ta’rbiyalawg’a boladi?**

1. Oqiw ushin kitapti tan’lap aliw.
2. Bala  kitap oqiwdi unatpasa ne islew kerek.
3. Kitaptag’i su’wretlerdi qalay ko’riw kerek.
4. Balalar menen oqig’anlari jo’ninde gu’rrin’lesiw.
5. Oqiw gigienasi.

Gu’rrin’ waqtinda mug’allim balanin’ barliq penen jaqsi oqiwi ushin onin’ kitap oqiy biliwinin’, kitapqa degen intasinin’ a’hmiyetin atap ko’rsetedi. Geyde

bala duris oqiy almag’anliqtan, ma’seleni shig’ariwg’a qiynalip qaladi. Sawatli jaziw da duris oqiy biliwge baylanisli.

Oqiwshilar 1 klasstan-aq o’z betinshe oqiy baslaydi, olarg’a mektep kitapxanasinan kitap aliwg’a ruxsat etiledi. Ko’plegen balalar o’zlerinin’ u’y kitapxanasin jiynay baslaydi. Balalar bir-birine o’zleri oqig’an kitaplari jo’ninde so’z etedi. Olar o’zleri unatqan a’debiy personajlarg’a usag’isi keledi.

Ata-analardin’ barlig’i da kitap oqiwdin’ paydasin jaqsi biledi. Sonliqtan da balasinin’ kitap oqiwdi unatpawi olarda tinishsizlaniw tuwg’izadi, bul ta’biyg’iy ha’m nizamli na’rse. ”Balamiz kitap oqiwdi unatiwi ushin ne islewimiz kerek?” – dep olar jiyi sorap turadi. Ko’p kitaplar satip alamiz, al ulimiz bolsa olarg’a qaramaydi”.

A’lbette, satip aling’an kitap, balamizg’a birden unawi tiyis dep oylag’an ata-analar qa’telesedi. Ata-analar ta’repinen baslawish klass oqiwshisinin’ kitap oqiwina turaqli tu’rde diqqat awdariliwi kerek. Onin’ kitap oqiwina ko’meklesip, basshiliq etip otiriwi kerek. Balalardi kitap oqiwdi unatiwg’a u’yretiw kerek.

Ko’plegen baslawish klass oqiwshilari kitap oqiwdi unatadi. Biraq olar kitapti tan’lay bilmeydi. Sonliqtan da balalardin’  oqiwi ushin kitap tan’lap aliwin u’lkenler baqlap  otiriwi kerek. Geypara ata-analar bilayinsha qa’tege jol qoyadi, qa’legen kitapti oqiw paydali dep esaplaydi yamasa balalardin’ kitap oqiwin mug’allim menen kitapxanashi baqlawi tiyis, bul jerde ata-ananin’ qatinasi az dep oylaydi. Shininda da, mug’allim  menen kitapxanashi balalardin’ kitap oqiwin tekserip otiradi, biraq olar oqiwshini o’zlerine arnalmag’an kitaplardan ha’r dayim saqlandirip otirmaydi. Kitapxanashinin’, mug’allimnin’ ha’m ata-ananin’ birlesip ha’reket etiwi g’ana balalardin’ kitap oqiwinin’ duris o’siwine ta’sir jasaydi.

Ha’r jastag’i balalarg’a arnalg’an kitaplar usinilatug’in ”Balalarg’a ne oqiw kerek” degen dizimler boladi. Olar mekteptegi ha’m rayonliq kitapxanalardin’ ba’rinde de bar. Balalardin’ jas o’zgesheligin esapqa alip, du’zilgen  bul dizimlerge ko’rkem ha’m ilimiy-ko’pshilik a’debiy do’retpeler, klassikler menen ha’zirgi zaman jaziwshilarinin’ kitaplari rus ha’m shet el a’debiyati, poeziya menen proza engizilgen.

Ata-analar balalardin’ qolina olardin’ jasina sa’ykes kitaplardin’ g’ana tu’siwin baqlap otiriwi tiyis. Sonliqtan da joqarida aytilg’an dizimlerge ko’rsetilgen usinislardi qabillag’an duris. Geypara ata-analardin’ o’z balalarinin’ u’lkenlerge arnalg’an kitaplardi ra’ha’tlenip oqiytug’inina maqtaniwi orinsiz. Bul ko’binese ziyanli, o’ytkeni baslawish klass oqiwshilari ol shig’armani teren’ tu’sinip, ug’ina almaydi. Olar u’stirtin qabillaydi, tiykarinan syujettin’ rawajlaniwin g’ana baqlaydi da kitaptin’ tiykarg’i mazmunin g’ana uslap qaladi. Bunday oqiwdan bala u’stirtin oqip shig’iwg’a a’detlenedi, ta’biyat ko’rinislerin, qaharmanlardin’ minezlemelerin, avtordin’ oy-sezimlerin taslap ketip otiratug’in boladi.

Balalardin’ kitap oqiwin baqlag’anda olar oqiytug’in kitaplardin’ minnetli tu’rde ha’m tu’rli temalarda boliwin olardin’ ishinde: ertekler, haywanatlar menen o’simlikler tuwrali gu’rrin’ler, shim-shitiriq waqitlar jo’nindegi shig’armalar, uris ha’m qa’ha’rman revolyutsionerler jo’ninde, u’lkenler menen balalardin’ paraxat miyneti jo’ninde mektep, muzika, iskusstvo jo’ninde gu’rrin’lerdin’ boliwin esapqa aliw kerek.

Kitap tan’lag’anda balalardin’ jeke qizig’iwlarin da esapqa aliw kerek. Balalar a’sirese er balalar shim-shitiriq waqiyalar jo’nindegi a’debiyatti oqiwdi unatadi. Shim-shitiriq waqiyalarg’a, o’tkir ha’m birden o’zine tartip alatug’in syujetlerge ha’wes boliw – ta’biyg’iy jag’day, biraq buni duris an’g’arg’a salip otiriw kerek. Balalardin’ tek g’ana shim-shitiriq u’lkenlerge arnalg’an kitaplardin’ tuspewin baqlap otiriw kerek.

Eger balani o’simliklerdin’ yamasa haywanlardin’ o’miri, jan’a mashinalar, sayaxatlar ayriqsha qiziqtiratug’in bolsa, ol ushin jan’a ha’m qiziqli faktler bere alatug’in kitaplardi tan’lap aliw kerek.

Balalarda a’sirese ilimiy-ko’pshilik a’debiyatqa degen inta-iqlasti o’siriwge diqqat awdarg’an duris. 3 klass oqiwshilarinin’ geografiya, ta’biyat taniw, texnika jo’nindegi o’zlerine tu’sinikli kitaplardi oqiwi sha’rt.

Kishi mektep jasindag’i balalarg’a arnalg’an gazetalar (”Jetkinshek”, h.t.b. ) ha’m jurnallari bar. Ko’plegen oblastlar menenn respublikalarda jergilikli balalar

gazetalari menen jurnallari shig’arilip turadi. Balanin’ jurnal yamasa gazetag’a jazilip oqip jurgani duris. Al onday mumkinshilik joq bolsa, kitapti kitapxanadan alip oqiwg’a balani u’yretiw kerek.

Balalar 3 klasstan baslap olarg’a tu’sinikli formada elimizdegi shet ellerdegi bolip atirg’an siyasiy waqiyalar ha’m shet ellerdegi ha’m O’zbekistandag’i balalardin’ o’mirin, ha’mde qiziqli waqiyalarin u’zliksiz jazip turatug’in gazetalarin u’zliksiz oqip otiriwg’a u’yreniwi tiyis. 1 ha’m 2 klasstag’i balalar ushin bul gazetani ata-analar menen u’lken ag’alari ha’m apalari dawislap oqip bere aladi.

Azat kitapti jaman ko’redi dewge bolmaydi. Ol kitapti uzaq waqit qolinda uslap, su’wretlerin ko’rip, betlerin awdaristirip otiradi. Biraq o’zi oqiwdi unatpaydi. ”Papa minaw qiziq kitap eken, mag’an oqip bershi” – dep qoyadi, ol tez-tez a’kesine. Papasi kitapti aladi da, oqip beredi. Bir babin oqiydi da: ”Endigi jag’in o’zin’ oqi” – dep kitapti janina qoyadi.

Azat kelesi bapta ne bolatug’inina qizig’adi. So’ytip kitapti qolina aladi, biraq o’zinin’ oqiwi qiyin, so’zler papasi oqig’anday ap-an’sat ga’pler quramaydi.

Azat bir neshe qatardi birden atlap ketedi, sonliqtan ba’ri de tu’siniksiz bolip qaladi. Geybir so’zlerdi qa’te oqiydi, na’tiyjede jazilg’anlardin’ ma’nisi buziladi. Biraz qiynalg’an Azat kempir apasina, mamasina yamasa a’jeapasina keledi de : ”Kitap oqip bershi”- deydi.

Ara-tura olardin’ birewinin’ jani ashiydi da Azatqa oqip beredi. Ku’n sayin usilayinsha qaytalanip otiradi. Azat o’z betinshe oqiwdi qa’lemeydi, sebebi oqiw protsessi ol ushin awir. Onin’ jasindag’i balalar ushin a’hmiyetli ha’m qiziqli kitapti ol qiynalip oqiydi al o’z betinshe oqiwg’a berilgen jen’il kitaplar mazmuni boyinsha oni qiziqtirmaydi. Ata-analar balasinin’ kitap oqiw texnikasin o’siriwine ko’meklesiwi tiyis. Bul ushin kitapti jiyi dawislap oqiwg’a shiniqtiriw kerek, bul u’lkenlerdin’ oqiwdin’ durislig’in tekseriwine mu’mkinshilik beredi.

Geyde balalardin’ en’ da’slepki oqig’an kitabi qiziqsiz boladi da, onin’ oyin o’sirip, sezimin oyatpaydi, na’tiyjede ol kitap oqiwdi unatpaytug’in boladi. Sonliqtan da ata-analar balalarinin’ o’z betinshe oqiytug’in da’slepki kitaplarin

duris tan’lap aliwina saq boliwi kerek. Bul kitaplar tartimli, su’wretli, qiziq fabulali ko’lemi kishi, bala tez oqip shig’a alatug’in boliwi kerek. Eger de ata-ana kitap tan’lawda qiynalip, qanday kitap satip aliw kerek ekenin bilmese, mug’allim menen yamasa kitapxanashi menen aqillasip alg’ani duris.

Kishi mektep jasindag’i balalardi kitap oqiwdi unatatug’in etip ta’rbiyalawda sirttan qarag’anda elestirmeytug’in  mayday na’rselerdin’ de unamli ro’l atqarip ketiwi mu’mkin. Ma’selen, balanin’ jeke kitapxanasinin’ kitap qoyatug’in etajerkasinin’ boliwi, joldaslari menen kitap almasiw mu’mkinligi balanin’ kitapqa degen inta-iqlasin arttiradi.

Balalardi o’z betinshe oqiwg’a u’yretiw ushin minaday usildi qollaniwg’a boladi. U’lkenler balag’a dawislap kitap oqip beredi de en’ qiziqli jerge kelgende oqimay qoyadi. Kitaptag’I waqiyag’a qiziqqan, personajlardin’ bunnan bilay ne islegenin biliwge intiqqan bala ko’binese kitaptin’ endigi jag’in o’zi oqip ketedi. U’lkenler keyin onnan oqig’an jeri boyinsha sorawi, o’zi oqig’ani ushin oni maqtawi, bunnan bilay kitapti balanin’ o’zi oqiy beretug’inlig’ina isenim bildiriwi kerek.

Kelesi kitapti oqiwdi da tap usilay baslawg’a boladi. Kem-kemnen bala o’z betinshe oqiwg’a a’detlenip ketedi. Balag’a kitaptan bir epizodti aytip beriw kerek. Sonda baslawish klass oqiwshisi so’zsiz: “Onnan keyin ne boldi?, “Keyin ne bolg’anin aytip bershi” – dep o’tinedi. Og’an juwap retinde kitapti usiniw kerek: “Mine oqip shiq. Sen bunnan ko’plegen qiziq na’rselerdi bilip alasan’”.

U’lkenleri kitap oqiwdi unatatug’in, kitaplar haqqinda ko’p so’z etetug’in, bos waqitlarin kitap oqiwg’a arnaytug’in shan’araqlardag’i balalardi kitap oqiwdi unatatug’in etip ta’rbiyalaw jen’il ha’m tez a’melge asadi. Egerde a’kesi menen sheshesi kitap oqiwg’a waqti joq bolsa yamasa u’yinde kitap bolmasa, balalardi oqiwg’a u’yretiw qiying’a tu’sedi. Mug’allim ata-analarg’a balanin’ kitapti oqiwi kerek ekenin aytip beriwi tiyis. Balalar kitap oqiwda onin’ qabi menen avtordin’ ha’m kitaptag’i su’wretlerdi salg’an su’wretshinin’ familiyasi, baspasi menen shiqqan jili jazilg’an titul betin oqiwdan baslaw kerek. A’dette balalar onday jazilg’anlarg’a na’zer awdarmaydi, olardi este saqlawg’a tirispaydi.

Balalardan: “Kitapti kim jazg’anin umitip qaldim”, “Kitapti kim jazg’anin este saqlawdin’ ne keregi bar, onin’ ne haqqinda jazilg’anin bilemeng’oy”, “Men jaziwlardi bir-biri menen shatastira beremen, kimnin’ qanday kitap jazg’anin yadta saqlay almayman” – degen so’zlerdi jiyi esitiwgee boladi.

Ata-analar balalarinan kitaptin’ avtori menen su’wretshinin’ familiyasin, kitaptin’ atin este saqlap qaliwdi shidamliliq penen ha’m turaqli tu’rde talap etip otiriwi tiyis. Bir kitapti oqiy baslag’an gezde baladan bunnan burin bul jaziwshinin’ qanday kitaplarin oqig’anin ha’m ol jaziwshi haqqinda ne biletug’inin sorap otirg’an paydali.

Bala kitapti diqqatli tu’rde, asiqpay oqiwi kerek. Baslawish klass oqiwshilari ko’binese 5-6 bet oqiydi da qalay tamamlanatug’inin bilip aliw ushin kitaptin’ son’g’I betin oqiydi. Kitaptin’ keynin oqip personajlardin’ ta’g’dirin bilip alg’annan keyin, kitaptin’ qalg’an jerin diqqat qoyip oqimaytug’inlig’i, bo’lek-bo’lek jerlerin yamasa baplarin atlap ketetug’inlig’i, al geyde kitapti birotala oqimay qoyatug’ini ta’biyg’iy na’rse. Ata-ana balalardin’ bunday ziyanli a’detke u’yrenbewin baqlawi tiyis. Balalarg’a kitaptag’i waqiyalardin’ qalay o’sip, qalay ayaqlanatug’inlig’in aldin ala aytip qoymaw kerek.

Kishi mektep jasindag’i balalar ushin kitaptag’i su’wretlerdi ko’riwdin’ ta’rbiyaliq a’hmiyeti u’lken. Olar balanin’ oqig’anlarin tu’siniwlerine, este saqlawina ko’meklesedi. Ko’plegen su’wretler bala tikkeley ko’re almaytug’in waqiyalar menen zatlar jo’ninde tu’sinik aliwina ja’rdem beredi. Su’wretler arqali Arqada ha’m Tropikaliq ellerde bolip qaytqanday ta’sir aliwg’a boladi, ten’izden alista turip-aq kemeler menen tuwlag’an okeanda ko’riwge boladi. Balalardi kitap su’wretlerin ko’re biliwge, olardan qiziqli detallardi bayqay biliwge u’yretiwdin’ a’hmiyeti u’lken. Ko’binese balalar su’wretlerdi qarag’ani menen ondag’ilardin’ ba’rin ko’re bilmeydi. Sonliqtan ata-analardin’ balalardi saling’an su’wrettegilerdi towel ko’re biliwge u’yretetug’in sorawlar berip otirg’ani maqul: Mina su’wrette neler saling’an? Su’wrettegi adamlardin’ atlarin atan’. Olar ne islep atir? Olardin’ islegeni duris pa? Ju’zlerinen nelerdi an’lawg’a boladi?

Balalardin’ o’zleri oqig’anlari jo’ninde aytip berip otirg’ani ju’da’ jaqsi. Aytip bere otirip, olardin’ so’ylew qa’bileti o’sedi, kitaptag’I basli na’rseni ayira biliwge u’yrenedi.

Gu’rrin’ waqtinda onin’ personajlar ha’reketine, so’z etiletug’in waqiyalarg’a qatnasi anig’iraq qa’liplesedi.

Eger bala da’slepki waqitlari oqig’anlari jo’ninde aytip beriwge qiynalatug’in bolsa, sorawlar beriw arqali ko’meklesiw kerek: kitaptan ne oqip bildin’? Qashan ha’m qay jerde bolg’an  waqiyalar tuurali eken? Ba’rinen ko’birek sag’an ne unadi?

Og’anlari jo’ninde sorawlar beriw ata-ananin’ balasinin’ oqig’anlarina baqlaw jasawina, onin’ kitapti toliq oqig’anin, ondag’ilardi towel tu’singenin, personajlardin’ minez-qulqi jo’nindegi pikirlerinin’ durislig’in biliwine ko’meklesedi. A’dette kitapxanalarda usinday sorawlardi berip otiradi. Bul olardi belgili bir ta’rtipke saladi zeyin salip oqip, oqig’anlarin este saqlawg’a ma’jbu’r etedi. Jeti-segiz jastag’i balag’a kitap tuwrali piker jaziw ha’zirshe qiyin, sonliqtan olardin’ o’zlerinin’ oqig’anlari boyinsha su’wretler saliwin quwatlap otiriw kerek.

3 klasstag’I balalarg’a oqig’an kitaplari boyinsha piker jaziwg’a ken’es beriw ha’m jaziwina ko’meklesiw ju’da’ paydali. Baslawish klass oqiwshisinin’ kitap tuwrali pikirinin’ formasi ha’m mazmuni boyinsha quramali bolmawi tiyis. Bala ko’pshilik jag’daylarda mina sorawlarg’a juwap beredi: “Kitap kimler ha’m neler haqqinda jazilg’an eken?”, “Kitapta neler unadi ha’m nelikten?”, “Personajlardin’ qaysisi ayriqsha unadi? Pikirde minnetli tu’rde kitaptin’ ati ha’m avtori ko’rsetiledi.

Eger shan’araqta sistemali birlesip dawislap kitap oqiw uyimlastirilip turilsa ju’da’ jaqsi. Bul ata-analar menen balalardi o’z-ara  jaqinlastirip, ata-analardin’ o’z balasin  jaqsi biliwine, onin’ ma’pleri menen qizig’iwlarin tu’siniwine ja’rdemlesedi.

Birlesip qalay qiziqli ha’m tartimli kitap tan’lap alinadi. Sonda balalar ba’ri birge otirip, kitap oqiytug’in keshti asig’a ku’tetug’in boladi. Gezek penen bu’gin a’kesi, erten’ uli, onnan keyin basqalar dawislap oqig’ani duris. Dawislap oqiw –

balalar ushin paydasi ko’p shinig’iw; olar ta’sirli, qatti ha’m aniq etip oqiwg’a u’yrenedi.

Dawislap oqiwdin’ waqtin aniqlap aliw kerek. Oqiwdin’ balalardi sharshatpawi ushin, olardin’ kitapqa intasin to’menletpew ushin bul waqittin’ 45 minuttan aspawi kerek. Ata-analar menen balalardin’ kitap tuwrali piker almasip otirg’ani jaqsi. Eger aytis tuwilip qalsa, balalar qa’te pikirler aytatug’in bolsa, a’depli tu’rde olardin’ oqig’anlarin duris tu’siniwine ko’meklesiw kerek. Shan’araqta kitapti ku’tip uslaw ma’deniyati ta’rbiyalanadi. Birinshiden, balalardi kitapti saqlay biliwge u’yretiw kerek. Balalar kitapti qa’legen jerge taslawg’a, jirtiwg’a, og’an su’wret saliwg’a, betlerin bu’klewge, su’wretler menen betlerin jirtip aliwg’a bolmaytug’inin biliwi kerek. A’sirese kitapxananin’ kitabin puxta uslaw kerek. Oni taza qag’az benen qaplap alip oqiw, o’z waqtinda tapsirip otiriw kerek. Balalardi sol siyaqli kitap oqiw gigienasinin’ tiykarg’i qa’delerin saqlawg’a u’yretiw za’ru’r. Balalar ko’zdi saqlaw kerekligin biliw kerek. Ha’lsiz jaqtida oqiwg’a bolmaydi. Jaqti, lampa balanin’ sol qol ta’repinde boliwi tiyis, onin’ jaqtisi tikkeley ko’zge tu’spey, kitap jatirg’an stoldin’ ustinen bag’darlaniwi kerek. Kitap oqig’anda ha’r bir 45-50 minuttan son’ ko’zdi azlap dem aldirip otirg’an duris.

Ata-analardin’ ko’pshiligi ha’r bir adamnin’ ja’miyetlik paydali xizmetke aralasiwi onin’ baxtin belgileytug’in jag’day ekenligin jaqsi tu’sindiredi. Bizin’ elimizdegi adamlardin’ barlig’i da miynet etedi, olardin’ saw-salamatlig’i ruwxiy tinishlig’i menen o’ndirislik o’siwi tiykarinan olardin’ qalay miynet etetug’inlig’ina baylanisli. Mektepte 1 klasstan baslap balalardi sanali miynetkesh etip shig’ariwg’a bag’darlang’an ken’ ko’lemdegi bilim beriw ha’m ta’rbiyalaw jumislari ju’rgiziledi. Oqitiw ha’m klasstan tis jumis protsessinde oqiwshilarda miynet adamlarina olardin’ miynet na’tiyjelerine degen teren’ hu’rmet sezimi, puxtaliq, ortaq miynetke o’zinshe u’les qosa biliw, o’z miyneti ushin (ol juda’ kishkene bolsa da) u’lkenler menen kollektiv aldindag’i u’lken juwapkershilik sezimi ta’rbiyalanadi. Olardi sanali miynetkeshler etip ta’rbiyalaw ushin olardin’

ha'r qaysisinin' mektep penen u'yde miynet etiw boyinsha waziypalari boliwi, olardi orinlaw boyinsha u'zliksiz ha'm qatal talap qoyilip otiriliwi tiyis.

Tilekke qarsi geypara shan'araqlarda oqiwshilardi bala gezinde miynetten awlaq uslaw kerek degen teris piker orin alg'an. Ata-analar ko'binese o'zlerinin' awir miynet jolin misalg'a keltirip balalarinin' o'mirin jen'illetiwge, olardi salistirmali awir ha'm jag'imsiz miynetten tis qaldiriwg'a tirisadi. U'lkenlerdin': "Bizlerge awir boldi, erte jumis isley basladiq – endi balalarimizg'a jen'il bolsin" degen ken' tarqalip ju'rgen pikirleri pu'tkilley qa'te ha'm ol en' aldi menen balalardin' ha'm ata-analardin' o'zleri ushin barinsha ziyanli bolip tabiladi. Ko'plegen ata-analar olardin' ishinde balalardin' sesheleri u'y jumislarin-hayallardin' jumisi dep esaplaydi da, og'an qiz balalardi g'ana u'yretedi. Na'tiyjede er balalar "qizlardin' jumisin" islewden uyalip, onnan bas tartatug'in boladi. Ata-analar u'y jumislarina ullar menen qizlardi birdey u'yretip, olardi o'z-o'zine xizmet etiwge u'yretiwi kerek. Bul jerde a'lbette olardin' jas o'zgesheliklerin mu'mkinlerin esapqa aliw kerek. Tek ayirim jumis tu'rlerinde g'ana o'zgeris islewge, ma'selen, suw, otin tasiwg'a awir jumis retinde er balalardi jumsawg'a, keste toqiw menen tigis tigiwdi qiz balalarg'a g'ana tapsiriwg'a boladi.

Er balalardi u'y jumislarina u'yretiwde a'kenin' u'lgisi u'lken ro'l atqaradi. Eger a'kesi sheshesine hesh qashan ko'meklespese, anaw yamasa minaw jumisti hayaldin' jumisi dep erkekke ilayiq emes dep aytip otirsa, er balalar u'y jumisin islewge uyala baslaydi, onnan bas tartatug'inlig'i so'zsiz. Balalarin miynetten qorg'ashalaytug'in, u'ydegi barinsha qiziqsiz, geyde sharshaytug'in bir qiyli minnetlerdi orinlawdi qatal talap etip otirmaytug'in ata-analar o'z balalarin baxitsizliqqa ushiratadi. U'y jumislarinan bosang'an balalar bir jag'inan uqipsiz, olaq bolip o'sedi, ekinshi jag'inan miynetke hu'rmet penen qaramaytug'in boladi. Ata-analarg'a mina so'zlerdi eskertken duris: "Ko'p na'rseni isley alatug'in, barlig'in da iskerlik penen orinlaytug'in qa'legen jag'dayda albirap qalmaytug'in, qa'legen zatti men'gerip, qolinda oynatip a'kete alatug'in adamlardin' qanshama kewilli, baxitli jasaytug'inin bizler jaqsi bilemiz. Bug'an kerisinshe, o'z-o'zine xizmet ete almaytug'in, barqulla ku'tiwshinin', doslardin' ko'megine mu'ta'j

bolip, ja’rdem ku’tip ju’retug’in, al hesh kim ko’meklespese, qolaysiz jag’dayda salaq, ilas, ta’rtipsiz jasaytug’in adamlardi ko’rgende, olarg’a bir tu’rli janin’ ashiydi”.

Balalardi u’y jumislarina kem-kemnen u’yretiw kerek. Bir jas kelinshek mug’allimge o’zi awirip orninan tura almay qalg’anda ju’da’ qiyin bolg’anin, bo’lmeni jiynaytug’in, nan menen su’tke baratug’in, awqat isitip beretug’in adamnin’ bolmag’anin aytip aytip irenjiydi. “Sizin’ u’p-u’lken ulin’iz bar emes pe?” – dep tan’landi sonda mug’allim apay. “A’y, onin’ qolinan ne keledi, ele kishkentay g’oy. 2 klassta g’ana oqiydi” – dep juwap berdi jas ana.

Bul ana o’z ulin o’zine ja’rdemshi retinde bahalamaw menen birge oni aq sawsaq, da’rmansiz adam etip ta’rbiyalap otir.

Son’inan mug’allimnin’ ta’siri menen ol bala ta’rbiyasinda jiberilgen qa’telikti du’zetiw maqsetinde ilina u’y jumislarin ju’klep, bo’lmeni jiynawdi tapsirip ko’rdi. U’yden keterde: “Bo’lmenin’ ishin jiynastirip, barliq jerdin’ shan’in su’rt, ig’al shu’berek penen poldi tazala” dep tapsirdi. Barlig’in da jaqsilap islegisi kelsede jan’ag’i bala tapsirmani orinlay almadi. Birinshiden, ol “ barliq jerdin’” shan’in su’rtiwdin’ ma’nisin tu’sinbedi. Ja’ne de ol la’tte menen suwdi paydalanip bilmeydi eken. Suwdi shamadan ziyat jibergeni sonday, sheshesinin’ u’ydi qaytadan ta’rtipke keltiriw ushin a’dewir miynet penen waqit jumsawina tuwri keledi. Keyin mug’allim menen ushirasqanda jan’ag’i balanin’ sheshesi: “Onin’ qolinan ko’mekshilik kele me? Men ayttim g’oy, og’an ele erte,” – dep irenjiydi.

Balasinin’ sheshesinin’ qa’teligi nede edi? Ol balasinin’ hesh qashan bo’lme jiynastirip ko’rmegenin, bul jumista hesh qanday ta’jiriybesinin’ joqlig’in esapqa almadi. Al haqiyqatinda balani u’y jumislarina kem-kemnen u’yretiw kerek edi, sonda da ol ko’p jumisti islep u’yrenetug’in edi. Al jan’ag’iday bala mektepte de o’zin qolaysiz sezinetug’in boladi: ol gezekshinin’ minnetin orinlay almaydi, sonin’ na’tiyjesinde juldizshag’a berilgen tapsirmalardi a’melge asira almaydi. Balani ayirim jumis tu’rlerin orinlawg’a kem-kemnen u’yretiwdi ata-analar menen balalardin’ birlesken miynetin sho’lkemlestiriw arqali a’melge asiriwg’a boladi. Da’slepki tiykarg’i jumisti ata-analar orinlaydi da, balalar ayirim operatsiyalarda

g’ana orinlaydi. Da’slep bo’lmeni jiynastiriw jumisin ma’selen bilay uyimlastirg’an duris: bir orinliqti qizina beredi de, bir orinliqti sheshesi o’zi aladi. ”Ko’rip al, men orinliqti bilay su’rtemen, - deydi sheshesi. – Mine, mina jerlerin de shan’ ko’p boladi, bul jerlerin durislap su’rtiw kerek”. Qizi sheshesinin’ islegenine elikley baslaydi. Bala ha’r tu’rli jumisti u’yrenip, oni erkin orinlay baslag’an waqitta og’an o’z betinshe islewge tapsirmalar beriw kerek. Ma’selen, u’ydin’ ishin tazalap atir deyik. Sheshesi u’ydin’ to’besin, diywallarin tazalap atirg’anda qizi stullardi sheshesi u’yretkendey etip tazalaydi.

Balag’a en’ da’slep kishigirim tapsirma beriw kerek, oni orinlag’annan keyin barip basqa jumisqa o’zgertiwge boladi. Jumis islep a’detlenbegen bala da’slepki waqitlardi tez sharshaytug’in bolsa, og’an da’rhal basqa, jen’il jumis beriw kerek. Balalardi u’y jumislarina kem-kemnen u’yretiw arqali olarda kerekli uqip ha’m ko’nlikpelerdi qa’liplestiriwge boladi. U’y jumislari bala ushin jen’il, u’yrenshikli na’rsege aynaladi, onda kerekli ku’sh-g’ayrat qa’liplesedi.

Miynet su’yiwshilikke ta’rbiyalawdin’ basli sha’rti – balalardin’ oqiwdag’i, u’ydegi, ja’miyetlik paydali jumistag’i miynetine ata-analardin’ shintlap qizig’iwi bolip tabiladi.

Ata-ana o’z uli menen qizinin’ miynetine onin’ na’tiyjelerine og’ada ma’pdar ekenligin ba’rqulla ko’rsetip otiriwi kerek.

Miynet etkende balanin’ qolinan ne keledi? Nelerdi orinlay almaydi? Sa’tsizliklerdin’ sebebi nede? Esheyin jalqawliq pa? Yamasa u’lkenlerge ko’mekleskisi kelmey me, o’zinshe bolg’isi kelgenlikten be? Bomasa qolinan kelmegenlikten be, kerekli a’det-ko’nlikpelerdin’ joqlig’inan ba? Balag’a qalay ko’meklesiw kerek – o’zi islep taslaw kerek pe yamasa qalay islew kerek ekenligin ko’rsetip, jaqsilap orinlawin talap etiw kerek pe? Balani qa’legen qiyinliqtan qorg’ap qaliw kerek pe yamasa balag’a ha’tte baslawish klass oqiwshisinin’ o’zine bul qiyinliqlar olardi jen’e biliwge u’yreniw ushin kerek pe? Usi sorawlardin’ barlig’i da gezekli ata-analar jiynalisinda da, balalardin’ a’kesi sheshesi menen jeke gu’rrin’inde de tilge tilek boladi, teren’ pikirlesiwdin’ tiykari boliwi

mu’mkin. Balanin’ u’y xizmetine qatnasiwi olardi; ul, qiz shan’araq ag’zasi retinde ata-ana ha’m tuwisqanlari aldindag’i da’slepki parizin orinlawg’a u’yretedi.

Son’inan, bunnan u’lken adamnin’, azamattin’, ja’miyetlik parizdi orinlaw boyinsha ta’biyg’iy za’ru’rligi kelip turadi.

**Bala ha’m televidenie**

1. Televiziyanin’ ta’rbiyaliq mu’mkinshilikleri.

2. Baslawish klass oqiwshilari televiziya boyinsha nelerdi ko’riwi kerek.

3. Balalardin’ ko’rgenlerin qalay talqilaw kerek.

Televiziya ha’m massaliq informatsiyanin’ basqa da qurallari, (radio, kino, baspa so’z) baslawish klass oqiwshisina onin’ ta’rbiyasi menen o’siwinin’ quwatli dvigateli (qozg’awshi ku’shi) retinde ku’shli ta’sir jasaydi. Balalar og’ada ko’p waqtin televizor aldinda o’tkerip, balalarg’a da u’lkenlerge de arnalg’an xbarlardi ko’redi. Ko’plegen balalar ushin televidenie ko’p jan’a ha’m qiziqli na’rselerdi biliwine ko’meklesetug’in u’lken dostina aynaldi. Televidenienin’ balalar ta’rbiyasina tiygizetug’in gumansiz paydasin moyinlay otirip, sol paydani ala biliw kerek ekenin’ este tutiw kerek. Al ol ushin ku’nlik rejimde telexabarlardi ko’riwdin’ qanday orin aliwi tiyis ekenligin, baslawish klass oqiwshilarinin’ qanday xabarlardi ko’riwi kerekligin, balalar ha’r tu’rli xabarlardi ko’rgennen keyin qanday ta’rbiya jumislarin ju’rgiziw za’ru’r ekenligin biliwdin’ paydasi mol. Telexabarlardi ko’riwge ketetug’in waqit ko’binese sabaqqa tayarlaniw, kitap oqiw, taza hawada boliwg’a ha’m tag’ida basqalarg’a jumsalatug’in waqit esabinan boladi. Bul ta’repinen qarag’anda televiziyanin’ paydalilig’in sha’rtli tu’rde g’ana aytiwg’a boladi. Sonliqtan da telexabarlardi ko’riwge jumsalatug’in waqit oqiwshinin’ ku’nlik rejiminde belgileniwi kerek. Baslawish klass oqiwshisi ha’ptesine 3-4 xabar ko’riwge boladi. Bul talap penen ko’plegen ata-ana lar kelise bermeydi, olar bunin’ pedagogikaliq jaqtan tiyimliligine gu’man keltiredi. Ata-analar balasina ko’p xabardi qatarinan ko’riwge ruxsat etiw arqali olardi ko’shenin’ unamsiz ta’sirinen, issizlikten qutqaramiz dep oylaydi. Sonliqtan da olar balalarina ha’r ku’ni televizor aldinda otira beriwge ruxsat etedi, buni qiziqli ha’m paydali is dep esaplaydi. Sonin’ na’tiyjesinde geypara oqiwshilar ushin xabar

ko’riw za’ru’rlikke aynaladi, televizor olardi tartadi da turadi, oni ko’riw ushin basqa jumislarin shala isleydi, ekran janiwdan barlig’in taslay sala, og’an juwiradi. Ata-analar balanin’ usi qumarlig’in og’an sabaq oqitiw ushin u’yge berilgen tapsirmani ha’m o’zi aytqan jumislardi orinlatiw ushin paydalanadi. Olar bilay deydi: ”Islemesen’ televizor ko’riwge ruxsat etpeymen”. Biraqta o’z maqsetine jetip, o’z aytqanin orinlatqan ata-ana balanin’ oqiwliq tapsirmalarinda, u’y jumislarin da qalay bolsa solay asig’is orinlang’anina kewil bo’lmeydi. Olardi orinlag’an gezde balanin’ oyi bolajaq telexabarda boladi, qa’ytkende de televizordi ko’riw huquqina iye bolg’isi keledi. Al bul ta’rbiya jumisina ziyan keltiredi, miynet penen oqiwg’a haq niyetli juwapkershilik penen qarawdi qa’liplestiriwge bo’get jasaydi. Xabarlardi uzaq ko’riw balalardin’ nerv sistemasi menen ko’zine unamsiz ta’sir etedi. Nerv sistemasi ko’p jag’dayda bala sezimine ku’shli ta’sirdi, o’tkir jaqtig’a degen joqari sezimtalliqti ko’tere almaydi. A’sirese ha’lsiz, ta’sirshen’ balalarg’a onin’ ziyani ku’shli.

Solay etip telexabarlar balanin’ ku’nlik rejiminde ko’p orin almawi tiyis. Ol sayaxat penen oyinlarg’a, sabaq, kitap oqiwg’a, telexabar ko’riwge belgili waqit bo’linetug’inin jaqsi biliwi kerek. Ata-ana balalar menen birge telexabarlardin’ ha’ptelik programmasi menen tanisadi da, olardin’ ishinen balalardin’ ko’retug’inin belgileydi. Olardin’ ishinde baslawish klass oqiwshilarina arnalg’an programmada, u’lkenler ko’retug’in xabarlar da ma’selen, ”Kinosayaxat klubi”, ”Haywanatlar du’nyasi” kinofilmi boliwi mu’mkin. Ata-analar azanda jumisqa keterde qaysi waqitqa shekem sabaq oqiwdi pitkerip, belgilengen telexabardi ko’riw kerek ekenin tag’i bir ko’rsetedi. 1-4 klass oqiwshilari ushin arnawli xabarlar berilip turadi.

Ta’rbiyaliq jag’inan alip qarag’anda balalardin’ xizmetin uyimlastiratug’in xabarlar paydali. Bunday telexabarlarda su’wret saliwg’a temalar usiniladi, geybir na’rselerdi qalay islew kerekligi tu’sindiriledi, balalardin’ o’z kollektivine, ini-qarindaslarina, ata-anasina arnap buyimlar islewine tapsirma beriledi. Telexabarlar balalardin’ uliwma oy o’risin ken’eytip g’ana qoymay, olardin’ jeke qizig’iwlarin qa’liplestiriwge ko’meklesedi. Su’wret salatug’in balalar jivopis tuwrali ko’p

na’rse biledi; haywanlardi jaqsi ko’retug’in balalar olardin’ o’miri menen, o’zine ta’n ha’reketleri menen tanisadi, so’ytip o’zleri unatatug’in islerge baylanisli xizmetti sho’lkemlestiriwge kerekli material aladi.

Balalardi ta’rbiyalawda telexabarlardi sheber ha’m maqsetke qaratilg’an tu’rde paydalana biliw kerek.

Telexabarlardi ko’riw pedagogikaliq jaqtan duris jolg’a qoyilmasa aling’an mag’liwmatlar menen faktlardi baslawish klass oqiwshisinin’ men’gerip ketiwi a’dewir qiying’a tu’sedi. Balalardin’ ko’pshiligi eki-u’sh ku’nnen keyin-aq o’zleri ko’rgen xabardin’ mazmuni aytip bere almaydi. Baslawish klass oqiwshisi ko’binese aling’an informatsiyani o’z betinshe tu’sinbeydi. Xabardan esitip-ko’rgen faktlar menen waqiyalarg’a, qubilislarg’a, o’z ko’z-qarasin aniqlap bildiriwi de qiyinliq penen iske asadi. Endi ata-analardin’ aldinda balalardin’ ko’pshilik informatsiya qurallarinan paydalaniw qa’biletin qa’liplestiriw, olar arqali aling’an faktti duris paydalaniw boyinsha ayriqsha waziypa turadi. Sonliqtan televizordan ko’rgen xabarlardi balalar menen turaqli tu’rde talqilap otiriw kerek, olay bolmasa, tek ko’rilgen xabarlar balag’a duris ta’sir jasamay, ayirim jag’daylarda keri ta’sir etetug’in boladi.

Balanin’ nelerdi yadta qaldirg’anin, nelerdi tu’singenin, nelerdin’ og’an ayriqsha ta’sir etkenin ata-ananin’ bilip otiriwi kerek. Balanin’ o’zlerine arnalg’an xabarlarg’a joldaslarin shaqirip otiriwina ruxsat etken jaqsi. Onday jag’dayda balalar o’z-ara pikir almasip otiradi, telexabar uyimlastirg’an qanday da bir jumisqa birge qatnasa aladi.

## 2.3.Okıushılardı klastan xam mektepten tıs islerde kitap okıuga bolgan kızıgıushılıgın arttırıu usılları

Klass basshisi o’zinin’ ta’rbiyaliq planinda a’dette ko’rkem a’debiyattin’ ayirim shig’armalarin oqiwshilar menen talqilawdi ko’zde tutadi. Birinshi na’wbette qaraqalpaq jaziwshilarinin’ axlok ma’selelerin qozg’ag’an en’jaqsi shig’armalar talqilanadi. Ko’pshilik mekteplerde joqari klasslardin’ oqiwshilari Berdaqtin’ “Amangeldi” ha’m basqa usig’an uqsas tariyxiy shig’armalari, ertekler ha’m basqalardan bolg’an kitap oqiwshilardin’ konferentsiyalarinda iqlas penen qatnasadi. Bul shig’armalardin’ u’stinen alip barilg’an talqilawlarda ha’r kimnin’ miynette qa’liplesiw ma’selelerine, kollektiv aldinda o’z qiliqlari ushin juwapkerlikti ta’rbiyalawg’a u’lken diqqat awdariladi.

Kitap oqiwshilardin’ konferentsiyasina tiyisli tayarliq konferentsiya qaysi kitaptin’ u’stinen bolatug’in bolsa, soni oqiwshilardin’ burinnan oqip aliwin, tiykarg’I ma’seleler boyinsha dokladchiklerdi belgilewdi, dokladlardi tayarlawdi, kitap oqiwshilardin’ bolatug’in konferentsiyasi haqqinda ken’nen dag’azalawdi ko’zde tutadi.

Konferentsiyani tayarlawg’a kem degende bir ay waqit ajiratiw kerek. Konferentsiyag’a basqa da klasslardan oqiwshilardi tartiw ushin ha’mmenin’ ko’retug’in jerine ren’li etip bezeleip jazilg’an dag’aza ildiriledi.

Bunda qoyilg’an ma’selelerdi talqilawg’a ko’birek oqiwshilardi aktiv qatnasiwg’a tartiwdi ta’miyinlew a’hmiyetli boladi. Oqiwshilardin’ o’zlerin tinishsizlandirg’an ma’seleler boyinsha pikirlerin erkinlik penen aytiwi ushin burinnan tayarlang’an tekstlersiz shig’ip so’ylewdi ha’r ta’repleme quwatlaw kerek.

4-5 klasslardag’i kitap oqiwshilardin’ konferentsiyasi a’dette gu’rrin’ formasinda o’tkeriledi. Klass basshisinin’ qisqasha kirisiw so’zinen keyin oqiwshilar o’zlerinin’ talqilanip atirg’an shig’armadag’i qaharmanlarg’a, olardin’ qiliq ja’ne ha’reketlerine tiyisli bolg’an pikirlerin aytadi. Joqari klasslarda oqiwshilar kirisiw so’zinen keyin dokladlar ha’m bildiriwler menen shig’ip

so’yleydi, shig’armanin’ bahalilig’in ha’m kemshiliklerin analizleydi, onin’ qaharmanlarina moralliq jaqtan baha beredi ha’m talqilanip atirg’an kitaptin’ ta’rbiyaliq a’hmiyeti haqqinda juwmaq shig’aradi. Klass basshisinin’ son’g’I juwmaqlawshi so’zinde konferentsiyanin’ na’tiyjeleri shig’arilip, shig’ip so’ylewlerdin’ en’ jaqsilari belgilenedi, aytilg’an pikirlerdin’ duris ha’m nadurislig’I ko’rsetiledi. Geyde konferentsiya kitaptan aling’an u’zindilerdi yadtan oqiw menen, instsenirovka, konferentsiya temasi boyinsha diafilmler ko’riw menen tamamlanadi.

Kitap oqiwshilardin’ konferentsiyasina tayarlang’anda ha’m oni o’tkergende a’debiyat mug’allimi menen tig’iz kantakt  jasaw lazim boladi. A’dette, ol kitap oqiwshilar konferentsiyasinin’ juwmag’in shig’aradi.

Kitap oqiwshilar konferentsiyasina tayarlaniw ha’m oni o’tkeriwge mektep kitapxanashisin tartiwdin’ u’lken a’hmiyeti bar. Ol a’debiyatti tan’lawda, konferentsiyanin’ planin du’ziwde u’lken ja’rdem beriwi mu’mkin. Geyde mekteptin’ kitapxanashisi konferentsiyani klass basshisi menen birlikte o’tkeredi.

Qalaliq 24-sanli mektebindegi 4 klassta mektep kitapxanashisi menen klass basshisinin’ kitap oqiwshilar konferentsiyasin o’tkergeninen missal keltirip o’temiz.

“Klass basshisinin’ oqiwshilar u’stinen birinshi sherek dawaminda alip barg’an baqlawi oqiw jumisina oqiwshilardin’ barlig’i da jetkilikli da’rejede haq kewil menen qaramaytug’inin ko’rsetti: artta qaliwshilar ha’m u’lgermewshiler payda boldi, barliq sabaqlarda da jaqsi ta’rtip bola bermedi. Ko’pshilik balalardin’ u’lgermewi olardag’i erk ku’shinin’ bosan’lig’inan, olardin’ o’z waqtin duris bo’listire almag’anlig’inan ekenligi ku’ta’ aniq ko’rinip turdi. Sonin’ ushin da bul klassta “Azat Aliyev mektepte ha’m u’yde” degen kitabi boyinsha konferentsiya o’tkeriwdi uyg’ardiq ha’m bul kitapti oqiw jumisina a’dewir saldamli ko’z-qarasta boliwdin’ za’ru’rli ekenligine oqiwshilardi isendiriwdin’ qurali sipatinda paydalaniwdi ko’zde tuttiq.

“Azat Aliyev mektepte ha’m u’yde” kitabin klassta oqidiq. Kitaptin’ mazmunin ayirim oqiwshilar jaqsi bilse de, olar dawislap oqig’anda diqqat penen

tin’lap otirdi. Oqishilardin’ ko’pshiligi u’ylerinde tag’ida bir ma’rtebe oqip shig’iw ushin mektep kitapxanasinan bul kitapti aldi. Kitapti klassta oqiw bir aydan aslamiraq dawam etti.

Konferentsiyani o’tkeriw ku’ni dag’azalang’anda balalardin’ ayirimlari shig’ip so’ylegisi keletug’inin bildirdi…

Oqiwshilar talqilaw protsessinde kitap qaharmanlarinin’ qiliqlari haqqinda ku’ta’ toliq etip aytti ha’m olarg’a duris baha berdi. Olar Azat Aliyev ha’m Sharapat Orinbaevta o’zin-o’zi ta’rtipke saliwdin’ joq ekenligi haqqinda, da’slep balalarg’a bul kemshiliklerdin’ jaqsi oqiwg’a kesent bergenligi haqqinda so’ylep berdi. Joldasliq sezimin duris tu’siniwge u’lken diqqat bo’lindi.

“Sizlerdin’ aran’izda bunday balalar bar ma ha’m olarg’a erkti ta’rbiyalawda qanday ja’rdem beresiz” degen sorawdi talqilag’anda u’lken janlaniw payda boldi. Oqiwshilar tartinbastan o’zlerinin’ jaman minez-qulqi menen basqalardin’ jumis islewine kesent beretug’inlardi atap ko’rsetti. Oqiwshi qizlardan birewi: “Olarda erk ku’shi joq, sonliqtan olar sabaqta tinish otira almaydi” deydi…

Bir qansha balalar o’zlerinin’ ta’rtipsizligi ha’m oqiwg’a shin kewil menen qaramag’anlig’i ushin ko’p na’rseledi esitti…

Konferentsiyada oqiwshilar oqiwshinin’ basqadan ko’shirip almawi ha’m basqalardin’ ko’shirip aliwina bermewi lazimlig’in, bunin’ joldasliq is emesligin aytti. Juldizshalardin’ vojatiylari o’zlerine ko’birek talaplar qoyatug’in boliwi kerek, sebebi olardan o’rnek alinadi. Balalar bir qansha ku’nlerden keyin tag’ida qayta jiynalip, kimnin’ o’z minez-qulqinda qalay o’zgergenligin tekseriwge kelisti.

Klass basshisi menen o’tkerilgen gu’rrin’nen biz konferentsiyanin’ balalar ushin iz qaldirmay o’tpegenligin bildik. Besinshi klassta sabaq beriwshi mug’allimlerdin’ pikirlerine qarag’anda balalar oqiw jumisina durislap qaraytug’in bolg’an. Bul o’tkerilgen konferentsiyanin’ klass basshilarina ja’rdem bergenligin ko’rsetedi”.

Bul konferentsiyanin’ bahalilig’i en’aldi menen minada ko’rinedi: ol klass turmisi menen, oqiwshilardi ta’rbiyalaw ha’m oqitiw waziypalari menen tig’iz baylanisqan.

Joqari klasslarda disputlar o’tkeriledi. Bul sabaqtan tis jumistin’ ku’ta’ quramali formasi. Ol klass basshisinan, mug’allimlerden ha’m oqiwshilardan jaqsi tayarliqti talap etedi.

En’ aldi menen disputtin’ temasin puxtaliq penen oylap aliw kerek. Bir qatar mektepler ha’m klasslarda shama menen to’mendegi temalarda disputlar o’tkeriledi: ”Joldasliq ha’m birin-biri qutqariw degen ne?”, ”Batirliq ha’m qorqaqliq haqqinda”, ”Jigerlilik ha’m o’jetlilik haqqinda”, ”So’zler ha’m isler haqqinda”, ”Siqmarliq ha’m itiyatliliq”, ”Adamnin’ baxiti nede?”, ”Qaharmanliq degen ne?”, ”Sezimler ha’m qiliqlar haqqinda”.

Geyde a’debiy disputlar o’tkeriledi. Olar ko’rkem shig’armalardin’ ma’nisin teren’irek tu’siniwge ha’m ondag’i qaharmanlardin’ qiliqlarin duris bahalawg’a ja’rdem beredi. A’debiy disputlardin’ temalari shama menen minalar: ”Bizin’ a’debiyatimizdin’ unamli qaharmani qanday boliwi lazim?” ”Ko’rkemlik sezimi haqqinda”, ”Bizin’ a’debiyatimizdin’ ku’shi nede?” ha’m basqalar.

Disputlar ko’pshilik jag’daylarda uliwma mektep xarakterin aladi. Og’ada aktual ha’m talas ma’selelerdi ku’ta’ azg’ana adamlar menen talqilap aliwg’a mu’mkinlik beretug’in klass disputlari da jiyi o’tkerilip turadi. Oqiwshilardi disputqa tayarlaw ha’m oni o’tkeriwge aktiv qatnastiriw maqsetinde olardan komissiya du’ziledi, bul komissiyag’a klass basshisi yamasa mug’allimlerden birewi basshiliq etedi. Komissiya disput temasi boyinsha sorawlar ha’m a’debiyatlar ko’rsetkishin buriniraq islep shig’adi, suliwlap dag’aza jazadi, konsultatsiya sho’lkemlestiredi.

Disput a’dette komissiya baslig’inin’ qisqasha kirisiw so’zi menen baslanip, onda disputtin’ maqseti  tu’sindiriledi, pikir alisiw lazim bolatug’in ma’seleler ko’rsetiledi. Bunnan son’ oqiwshilar shig’ip so’yleydi. Juwmaqlawshi so’zde jaris so’zlerdin’ duris ha’m nadurislig’i belgilenedi, ku’ta’ talasli ma’seleler tu’sindiriledi ha’m juwmaqlar shig’ariladi.

Disputtin’ barisinda do’gerek-a’tiraptag’i turmistan, en’ aldi menen mekteptin’, klasstin’ turmisinan aling’an faktlardi ko’birek keltiriw kerek. Bunin’

na’tiyjesinde oqiwshilar qoyilg’an ma’selelerdi talqilawda ku’ta’ aktivlik ha’m u’lken qizig’iwshiliq penen qatnasadi.

Disput waqtinda mug’allimnin’ emes, al oqiwshilardin’ ko’birek so’yleytug’in boliwina umtiliw kerek. Bug’an oqiwshilardin’ aldina turmis ushin a’hmiyetli ha’m olardi tinishsizlandiratug’in sorawlardi qoyiw joli menen erisiwge boladi.

A’hmiyetlisi disputqa oqiwshilardin’ jaqsi tayarlaniwin ha’m onda aktivlik penen qatnasiwin ta’miyinlew boladi. Qalaliq 4-sanli orta mekteptin’ klass basshisi T.E. Ernazarov ”Pedagogikaliq oqiwlarda” joqari klasslarda ”Haqiyqiy adam dep kimdi aytiwg’a boladi?” degen temadag’i disputqa qalay tayarlang’anlig’in ha’m oni qalay o’tkergenligin aytip berdi. Disputqa oqiw jilinin’ birinshi yarimi dawaminda tayarlang’an. Disputta qatnasiwg’a shaqiratug’in plakat, usinilatug’in a’debiyatlardin’ dizimleri ildirilip qoyilg’an.

Oqiwshilardi shig’ip so’ylewge tayarlaw olar menen jeke gu’rrin’ler o’tkeriw, paydali ma’seleler boyinsha qosimsha a’debiyatlar ko’rsetiwden ibarat boldi. Bul gu’rrin’ ha’m konsultatsiyalardin’ maqseti oqwishini shinliqti izlew jolina tu’siriw, onda anaw yamasa minaw ma’sele boyinsha o’z pikirinin’ payda boliwina erisiwdi ko’zde tutti.

Disput qizg’inli o’tti. Ayriqsha tayarlang’an oqiwshilardin’ shig’ip so’ylegenlerinen keyin sorawlar jawilip, jaris so’zler ku’sheydi. Ha’r kim o’z pikirin maqullap, joldaslarinin’ pikirin qizg’inlik penen biykarladi, qayta-qayta otirg’an orinlardan o’tkirlik penen so’z qosiwlar esitilip turdi. Talqilaw protsessindegi qayta-qayta jasalip turg’an ta’nepislerdin’ waqtinda oqiwshilar gruppa bolip toplanip, shig’ip so’ylegen so’zlerdi qizg’inliq penen talqilanadi, ayirim ma’selelrdi sheshiw ushin mug’allimge o’tinishler jasap turdi.

Ta’nepisten son’ shig’ip so’ylewdi qa’legenler tag’i da qollarin ko’terdi, basqalari bolsa, o’zlerinin’ na’wbetin ja’ne so’z beriliwin ku’tpesten orninan sekirip turip, tribunag’a juwirdi.

Da’slepki disputlarda-aq biz ku’tpegen jerden a’dette tinish otiratug’in ha’m biypa’rwa bolip ko’rinetug’in oqiwshilardin’ qizg’inli tartisiwshilarg’a aylanip ketkenin ko’rdik. Tartisiw menen waqitti da umitip kettik.

Bayramdi o'tkergende a'dette mekteptin' barliq kollektivi qatnasadi. 5-8 klasslardin' oqiwshilari ushin estelikler o'tkeriledi, al joqari klasslardin' oqiwshilari bolsa, Nawriz bayramg'a ha'm estelik ku'nlerge bag'ishlang'an keshelerge qatnasadi.

Bayramlarg'a tayarliq ko'riw ha'm olardi o'tkeriwge oqiwshilardin' a'dewir ko'pshiligi qatnassa, mekteptegi bayramlardin' ta'rbiyaliq ro'li a'dewir artadi. Klass basshilari o'zlerinin' ta'rbiya jumisi boyinsha rejelerinde klasstag'i oqiwshilardin' bayramg'a tayarliq ko'riwin burinnan belgileydi, ku'shlerdin' jaylasiwin ko'rsetedi, klasstag'i bezew, ko'rkem ha'weskerlikti, doklad ha'm shig'ip so'ylewlerdi tayarlaw, diywali gazetani shig'ariw ha'm tag'i basqalar menen baylanisli bolg'an barliq ila'jlardi ko'zde tutadi.

Bayramlarg'a sheberlik penen sho'lkemlesken tu'rde tayarliq ko'riw a'dette oqiwshilarda emotsiyaliq ko'terin'kilikti ju'zege shig'aradi. Qalaliq mekteplerinen birewinde 4 klass basshisi bayramg'a tayarlaniw ushin klasstag'i tolig'i menen qatnastira aldi. Oqiwshilardan birewleri tantsalar ha'm qosiqlar tayarladi, ekinshileri-ko'rkem oqiwdi, u'shinshileri-sahna dekaratsiyasinin' su'wretin saldi, kostyumlar tikti ha'm basqada jumislar isledi.

"Men o'zimnin' klasimda, - dedi klass basshisi, - ha'r bir oqiwshinin' qa'lewlerin ha'm o'zgesheliklerin, oni qanday jumisqa qatnastirsam jaqsi bolatug'inin jaqsi bildim. Bayramg'a tayarliq ko'rgende pu'tin klass is benen ba'nt bolip, ha'mme "qijirlanip" turdi. Bayram ha'mme ushin uliwma quwanishli ha'm qiziqli is boldi, oni shidamsizliq penen ku'tip, og'an quwanishli tu'rde tayarlandiq".

Oqiwshilarda bayramnin' o'zinen de ku'ta' jarqin ta'sirler qaladi.

Geyde bayram waqtinda mug'allimlerdin' yamasa oqiwshilardin' dokladlari da tin'lanadi. Biraq buni ba'rqulla isley beriw maqsetke muwapiq kelmeydi. Jaqsi dokladti bayramnan burin'g'i ku'ni tin'lap, bayram waqtinda qutliqlaw, revolyutsiyag'a qatnasqanlardin' este qalg'anlarin tin'law menen shekleniwge boladi.

Mektep bayraminin’ a’hmiyetli elementi onin’ ko’rkem ha’weskerlik bo’limi-balalar ha’weskerliginin’ kontserti, oqiwshilar ku’shi menen sahnalastirilg’an oyin qoyiw, geyde shaqirilg’an artistlerdin’ kontsert beriwi yamasa kinofilm ko’rsetiwi boladi.

Bayramlarg’a tayarlaniw ha’m olardi o’tkeriwge uliwma basshiliqti mektep direktori ha’m onin’ oqiw bo’limi boyinsha orinbasari a’melge asiradi. Olar uliwma mektep rejesine tiykarlana otirip klass basshilarina, olardin’ klasslarinin’ bayramlardi ha’m estelikli ku’nlerdi belgilewde qatnasiwi jo’ninen konkret tapsirmalar beredi. Olar pu’tin pedagoglar kollektivinin’ ha’m oqiwshilar sho’lkemlerinin’ xizmetlerin sho’lkemlestiredi, mektepte o’tkeriletug’in massaliq jumislardin’ ideyaliq siyasiy da’rejesinin’ joqari boliwin ta’miyinlewge ja’rdem etedi. Orta mektepler uliwma mektep boyinsha o’tkeriletug’in massaliq jumislardi sho’lkemlestiriwde mektep direktori ha’m orinbasarina mekteptin’ partiya sho’lkemi ja’rdem beredi.

Klasslardag’i bayram keshelerinde a’dette en’ jaqsi muzikantlar, tantsa oynawshilar, oqiwshi-diplomatlar o’z o’nerlerin ko’rsetedi. Bunday kesheler oqiwshilardin’ bos waqtin duris sho’lkemlestiriwge, olardin’ tvorchestvoliq uqipliliqlarin rawajlandiriwg’a ha’m klass kollektivin bekkemlewge ja’rdem beredi. Oqiwshilardin’ jaqsi nomerleri son’inan ko’rkem ha’weskerliktin’ uliwma mektep boyinsha sho’lkemlestirilgen keshelerinde ta’kirarlanadi.

Bayramlarg’a tayarliq ko’riw waqtinda oqiwshilardin’ toparlari ha’m waqitsha gruppalarinin’ arasinda ko’rkem ha’weskerlik keshesinde ko’rsetiletug’in nomerlerdi jaqsilap oylaw ha’m tayarlawg’a jarislardi ken’irek sho’lkemlestiriw kerek. Bayram keshesine krujoklardin’ ha’m ayirim oqiwshilardin’ tvorchestvoliq jumislarinan ko’rgizbe sho’lkemlestirgen jaqsi boladi.

Sabaqtan tis jumistin’ formalarinan birewi oqiwshilardin’ puqaralar urisi ha’m Watanda’rliq urisi qa’harmanlari menen, o’ndiris ha’m awil xojalig’inin’ ilimpazlari menen sho’lkemlesken tu’rde ushirasiwlarin tayarlaw ha’m o’tkeriw boladi.

Geyde oqiwshilardin’ ata-analarinin’ arasinda ataqli adamlarda boladi, klass basshisina olardin’ oqiwshilar menen ushirasiwi haqqinda kelisip aliwi onsha qiyin bolmaydi. Bir qatar jag’daylarda bunday adamlardi mektepke sheflik jasawshi ka’rxana ha’m ma’kemelerden de tabiwg’a boladi. Ayirim jag’daylarda ja’miyetlik sho’lkemlerden bul jo’ninde ja’rdem etiwin o’tiniwge boladi. Mektepke ataqli adamlardi shaqiriwg’a klass komsomol sho’lkemleri u’lken ja’rdem beredi.

Ushirasiwlardi nawriz  bayram ku’nlerine belgilegen maqsetke muwapiq keledi. Olar oqiwshilarda sotsiallistlik patriotizm, miynetti ha’m miynet adamlarin hu’rmetlewdi ta’rbiyalawg’a, tu’rli ka’siptegi adamlar menen tanisiw ha’m ka’sip tan’lap aliw mu’mkinshiligin de beredi.

A’dette mektepte bunday ushirasiwlar o’tkerilip turiladi. Biraq oqiwshilar ataqli adamlar menen o’ndiriste, tsexta, laboratoriyada, mal fermasi ha’m sog’an qusag’an jerlerde ushirassa ku’ta’ jaqsi boladi. Ol jerlerde oqiwshilar o’ndiris penen, aldin’g’i qatardag’i jumisshilar ha’m kolxozshilardin’ miynet etiw na’tiyjeleri menen tanisiwlari mu’mkin.

Geypara zavod ha’m fabirkalarda ”ashiq esikler ku’ni” o’tkeriledi. Oqiwshilar bul ku’nleri ka’rxanalarg’a baradi ha’m olardin’ jumislari menen tanisadi. Klass basshisinin’ ka’rxanada buriniraq bolip ekskursovodlar menen ushirasiwi, oqiwshilardi tanistiriw lazim bolatug’in tiykarg’i obektler haqqinda kelisip aliwi paydali boladi. ”Ashiq esikler ku’ni” oqiwshilarg’a zavod, fabrikalardin’ aldin’g’i qatardag’i adamlari menen de tanisiw mu’mkinshiligi tuwdiradi.

Klass basshisi ka’rxana basshilari menen o’ndiris aldin’g’ilarinan kimnin’ oqiwshilar aldinda shig’ip so’yleytug’ini, a’sirese qaysi ma’selelerge ko’birek toqtalip o’tiw lazimlig’i jo’ninde burinnan kelisip aladi. Jaqsi o’tkerilgen ”ashiq esikler ku’ni” oqiwshilarg’a ka’rxana ha’m onin’ aldin’g’i qatardag’i adamlari menen tanisiw mu’mkinshiligin g’ana berip qoymay, oqiwshilardin’ ka’sip tan’lawina da ja’rdem etedi.

Klass basshisi oqiwshilar menen ushirasiw ushin shaqirilg’an adamlar menen olardin’ shig’ip so’yleytug’in so’zlerinin’ xarakteri haqqinda kelisip aliwi, olarg’a klass turmisi, oqiw-ta’rbiya jumisinin’ tabislari ha’m kemshilikleri haqqinda aytip

beriwi lazim. Ushirasiwdin’ basinda oqiwshilarg’a olar menen ushirasiwg’a kelgen adamlar haqqinda qisqasha so’ylew kerek boladi. Bunnan keyin shaqirilg’an adamlar shig’ip so’yleydi, oqiwshilardin’ sorawlarina juwap beredi ha’m olar menen gu’rrin’lesedi. Geyde oqiwshilarda o’zlerinin’ oqiw jumislari haqqinda, ja’miyetlik paydali miynette qatnasiwlari haqqinda aytip beredi. Ushirasiw a’dette mektep direktori yamasa klass basshisinin’ shig’ip so’ylewi menen tamamlanadi. Olar mektep yamasa klass atinan qonaqlarg’a alg’is aytadi. Geyde bul alg’isti oqiwshilardin’ o’zleri-aq aytadi.

A’dette olar joqari klasslardag’i barliq oqiwshilar ushin yamasa parallel klasslar boyinsha o’tkeriledi. Geyde olardi ayirim klasslarda da o’tkeriwge boladi.

A’dette ilim kesheleri belgili bir predmetke bag’ishlang’an boladi. Misali: ”Qiziqli ximiya keshesi”, ”Turmistag’i fizika” ha’m tag’i basqalar.

Texnika kesheleri ha’zirgi zaman texnikasinin’ a’hmiyetli problemalarina bag’ishlanadi (”Atom paraxatshiliq xizmetinde”, ”Elektrotexnika jan’aliqlari”, ”Aspanli ag’a-inililer haqqinda” ha’m basqalar). Geyde olar soraw ha’m juwaplar formasinda o’tkeriledi. Son’g’i waqitlari joqari klass oqiwshilarinin’ ka’sip tan’lawg’a bag’ishlang’an tematikaliq kesheleri o’tkerilip turadi. Olardin’ temalari minalar: ”Kim bolsam eken?”, ”Biz qay jerde ha’m qalay jumis isleymiz?”, ”A’jayip ka’sipler du’nyasi”. Bunday keshelerge o’ndiriste islewshiler, ata-analar, mektepti burin pitkergenler shaqiriladi. Olar o’zlerinin’ islep atirg’an o’ndirisi haqqinda, o’z ka’siplerinin’ o’zgeshelikleri haqqinda aytip beredi. Oqiwshilar keshenin’ temasina bag’ishlang’an oyinlar, sahnalastirilg’an oyinlar, jumbaqlardi burinnan tayyarlaydi.

Keshelerge tayarliq ko’riw ha’m olardi o’tkeriwge tiyisli oqiw pa’nlerinen sabaq beretug’in mug’allimler tartiladi. Geyde ka’rxanalardan yamasa ilimiy ma’kemelerden qa’nigeler shaqiriladi.

Keshelerge tayarliq ko’riw ha’m olardi o’tkeriwge oqiwshilardin’ o’zlerin tartiw ta’jiriybeleri, tu’rli modeller ko’rsetiwdi tayarlaw ha’m tag’i basqalar ku’ta’ a’hmiyetli boladi. Bul en’ aldi menen joqari klasslardin’ oqiwshilarina tiyisli. Olardin’ ha’r qaysisina keshege tayarliq ko’riw ja’ne oni o’tkeriw menen baylanisli

bolg’an belgili bir tapsirma beriwge boladi. Geyde bul maqset ushin keshege ku’ta’ qiziqqan oqiwshilardan komissiya saylanadi yamasa initsiativali gruppa du’ziledi.

Mug’allimler ha’m klass basshilari oqiwshilardin’ initsivasin, baslamasin ha’r ta’repleme quwatlaydi. Olarg’a a’dewir o’z betinshelik beredi. Bunday jag’dayda oqiwshilarda kesheni o’tkeriwge bolg’an qizig’iw artadi. Oqiwshilar oni mu’mkinshiligi barinsha jaqsiraq etip o’tkeriw ushin umtiladi.

Sabaqtan tis o’tkeriletug’in jumistin’ sistemasinda u’yde oqiwdi sho’lkemlestiriw a’dewir orin iyeleydi. Klass basshisi oqiwshilarg’a kitap tan’lap aliwda ja’rdem beredi. Kitap oqiwdin’ mug’darin belgileydi, jaqsi shig’armalardi talqilawdi sho’lkemlestiredi, ata-analarg’a klasstan tis oqiwdi uyimlastiriwdan ken’esler beredi. Bul tiykarinan alg’anda 4-5 klasslardin’ oqiwshilarina tiyisli.

Oqiwshilarg’a oqig’an kitaplarin esapqa alip bariw ushin da’pter tutiwdi usiniw kerek. Onda sa’ne (kitap qashan oqildi), kitaptin’ avtori ha’m ati, oqilg’an kitap tuwrali pikir (unadi ma yamasa unamadi ma) jazilip baradi. Joqari klasslardin’ oqiwshilari klasstan tis oqiwdan a’dewir tolig’iraq jazilatug’in ku’ndeliklerdi alip baradi. Olar bul ku’ndelikte oqilg’an kitaptin’ qisqasha mazmunin ko’rsetedi, tsitata ha’m oforizmlerdi jazip baradi, kitaptag’i tiykarg’i qaharmanlardin’ qiliqlarina analiz jasaydi.

A’dette oqiw jilinin’ basinda oqiwshilardin’ jazg’i kanikullar da’wirinde oqig’an kitaplari boyinsha esap beriw konferentsiyalari o’tkeriledi. Oqiwshilar oqig’an kitaplarinin’ qisqasha mazmunin aytip beredi, bul kitap haqqindag’i o’z pikirlerin aytadi. Konferentsiyag’a til ha’m a’debiyat mug’allimleri shaqiriladi.

Kitapti az oqiytug’in oqiwshilarg’a ayriqsha diqqat awdariw kerek boladi. Olardi sistemali kitap oqiwg’a u’yretiw kerek. Bul maqset ushin qiziqli kitaplardi tan’lap aliw, olar haqqinda gu’rrin’ o’tkeriw, oqiwshilardi kollektiv bolip oqiwg’a ha’m oqilg’anlardi talqilawg’a tartiw kerek. Ko’rkem a’debiyat penen bir qatarda klasstan tis oqiw ushin ilim ha’m texnikanin’ tu’rli tarawlarinan ko’pshilikke tu’sinikli ilimiy kitaplardi oqiwdi da usiniw kerek. ”Ku’ta’ jaqsi adamlardin’ turmisi” degen seriyadan tan’lang’an kitaplar u’lken ta’rbiyaliq ku’shke iye boladi.

Olar miynet ha’m ilimdi su’yiwge u’yretedi, oqiwshilardin’ aqil ha’m politexnikaliq oy-o’risin ken’eytedi.

Sonin’ menen birge oqiwshilarg’a (a’sirese joqari klasslarda) miynet haqqindag’i, tu’rli ka’sipler haqqindag’i, turmisimizdin’ mayaqlari bolg’an qala ha’m awildag’i aldin’g’i qatardag’i miynetkeshlerdin’ miynettegi qaharmanliqlari haqqindag’i kitaplardi da usiniw kerek. Oqiwshilardin’ oqig’an kitaplari haqqinda waqti-waqti menen gu’rrin’lesiw, olardin’ oqig’an kitaplardag’i qaharmanlarg’a bolg’an ko’z-qaraslarin aniqlaw, olarg’a waqiyalar ha’m adamlardi jaqsilap tu’sinip aliwg’a ja’rdemlesiw kerek. Bunda oqiwshilardin’ qaharmanlar haqqinda, tu’rli miynet ka’sipleri haqqinda o’z pikirlerin aytiwi, keleshektegi niyetlerin bir-birewi menen almasiwi, o’zlerinin’ turmis ideyalari, ka’sip tan’lawi haqqinda aytiwlari ku’ta’ a’hmiyetli boladi.

Geypara klass basshilari oqiwshilardin’ ja’rdemi menen o’z klasinda ”klasstan tis oqiw mu’yeshin” sho’lkemlestiredi. Onda klasstan tis oqiw ushin usinilg’an a’debiyattin’ jaqsilap bezelgen dizimi, ayirim shig’armalarg’a bag’ishlang’an plakatlar, ”Kitapti qalay oqiw kerek” esteligi ha’m basqa da materiallar ildiriledi.

Klasstan tis oqiw haqqindag’i gu’rrin’de 4-5 klasslardin’ oqiwshilarina kitap oqiwdin’ shama menen to’mendegi qa’deleri usiniladi:

1. Kitapti asiqpay, oylanip oqi.

2. Kitapta o’zin’e artiqmash unag’an pikirlerdi jazip al.

3. Kitapta tu’siniksiz so’zlerdi ushiratsan’, so’zliklerge ha’m spravochniklerge qara.

4. Kitap oqiwdan ku’ndelik tut.

5. Jatip oqi ma, den sawlig’in’a ziyan.

6. Gu’n’girt bolg’anda oqi ma, ko’zge ziyan.

Ta’rbiyaliq jumistin’ praktikasinda oqiwshilardin’ sabaqtan tis jumislarin sho’lkemlestiriwdin’ basqada formalari ushirasadi.

Klass basshilari oqiwshilardin’ kino ha’m teatrlarg’a kollektiv bolip bariwin sho’lkemlestiredi ha’m o’tkeredi. Olar oqiwshilardin’ tatiw kollektiv bolip birigiwine ja’rdem etedi, oqiwshilardi sabaqtan tis jumislar sharayatinda u’yreniw

ushin bahali material beredi. Jaqin waqit ishinde qaysi kinofilm yamasa qaysi spektakldi ko’riw kerekligi klass aktivi menen birlikte sheshiledi. Bunda klasstin’ aldinda turg’an tiykarg’i ta’rbiya waziypalari ha’m oqiwshilardin’ qizig’iwlari esapqa alinadi.

Eger kinofilmler yamasa spektakllerdi ko’rip bolg’an son’ olardi talqilaw sho’lkemlestirilse ku’ta’ jaqsi boladi. Bunday talqilawdi shama menen to’mendegi plan boyinsha o’tkeriwge boladi: 1. Kinofilm yamasa pesanin’ temasi ha’m tiykarg’i mazmuni. 2. Olardi ko’rip bolg’an son’ neler ko’birek yadta qaldi. 3. Ne unadi ha’m ne ushin unadi? 4. Nesi unamadi ha’m ne ushin unamadi? 5. Basli qaharmanlar ha’m olardin’ xarakteristikasi. 6. Bul rollerdi atqariwshilar ha’m olardin’ oynawi. 7. Kinofilm (yamasa spektakl) qanday jan’aliq beredi? 8. Ol nege u’yretedi?

Mug’allimler oqiwshilardin’ lektoriyalarg’a bariwin ha’m olardin’ tan’lag’an lektsiyalarin talqilawdi sho’lkemlestiredi. Oqiwshilar ilim ha’m texnikanin’ jan’a jetiskenshilikleri haqqindag’i, etika ma’seleleri boyinsha, xaliq araliq awxal haqqindag’i, kapitalistlik ellerdegi jaslardin’ turmisi ha’m paraxatshiliq ushin gu’res haqqindag’i ha’m basqa da lektsiyalarg’a iqlas penen baradi. Lektsiya temasi ha’m mazmuninin’ oqiw jumisi mazmuni menen baylanisqani jaqsi boladi. Sonin’ menen birge oqiwshilardi oqitiw protsessinin’ mazmuni menen tikkeley baylanispag’an lektsiyalarg’a da qatnastiriw paydali boladi. En’ a’hmiyetlisi, bul lektsiyalar oqiwshilardin’ aqilin ha’m politexnikaliq oy-o’risin ken’eytetug’in, olarda ilimiy du’nya taniwdin’ tiykarlarin qa’liplestiriwge ja’rdem beretug’in bolsin.

Bir qatar mekteplerdin’ joqari klasslarina basshiliq etiwshi mug’allimler sabaqtan tis waqitlari oqiwshilardin’ teoriyaliq konferentsiyalarin o’tkerip turadi. Olardin’ tematikasi ha’r tu’rli. Konferentsiyada mug’allimlerden birewinin’ qisqasha kirisiw so’z so’ylegennen keyin ha’r qaysisi 15 minuttan eki-u’sh oqiwshinin’ dokladi tin’lanadi ha’m olardi talqilaw sho’lkemlestiriledi. Oqiwshilar o’zlerinin’ awizeki so’ylew uqibin rawajlandiriw mu’mkinshiligin aladi, o’zlerinin’ ko’z-qaraslarin da’lilleydi. Sonin’ menen birge konferentsiya

oqiwshilardin’ oy-o’risin ken’eytiwge ja’rdem etedi, materialdin’ da’slepki dereklerinin’ u’stinde sistemali jumis islewge faktlerdi analizlew ha’m olardan juwmaq shig’ariwg’a u’yretedi.

Klass basshisi oqiwshilarg’a klassta diywali ha’m awiz eki gazetalardi shig’ariwg’a ja’rdem beredi. Ol gazateda birinshi na’wbette qaysi ma’selelerdi qoyiw, gazetani mazmuni ha’m formasi boyinsha qalay bezew kerekligi jo’ninde aqil aytadi.

Redkollegiya jumisin sho’lkemlestiriwge ja’rdem beremen dep redaktordin’, redkollegiya ag’zalari ha’m korrespondentlerinin’ initsiativasi ja’ne o’z betinsheligin joq etip jiberiwge bolmaydi. Gazetani qa’ytip jaqsilaw, oni tag’i da mazmunli ja’ne ta’sirli etiwdin’ kerekligin o’z waqtinda aytip ja’rdemlesiw kerek. A’sirese redkollegiya ag’zalarina bayramlarg’a shig’atug’in gazetalardin’ nomerlerin rejelestiriwge ja’rdem beriw, gazetani shig’ariwg’a oqiwshilardan basqa tag’i kimlerdi tartiwdin’ kerekligin aytiw ku’ta’ a’hmiyetli boladi. Gazeta shig’ariwda oqiwshilardin’ aktivligin arttiriw ushin kitap diywali gazetalarinin’ smortlari ha’m ko’rgizbelerin sho’lkemlestiriw kerek.

Jumis ku’ni uzaytilg’an gruppalardag’i klass basshisi ta’rbiyashi menen birlikte miynet, fizkultura, muzika, qosiq mug’allimlerinin’ ha’m basqalardin’ qatnasiwlari menen sport oyinlarin, priklad iskusstvosi boyinsha (ag’ashqa nag’islar oyiw, pishqilaw, ku’ydiriw, ko’rkem tigis) jumislar, a’debiy ha’m muzikaliq viktorinalar, xaliq tantsalari, qosiqlar ha’m basqalardi jaqsi orinlawda konkurslar sho’lkemlestiredi. Bulardin’ barlig’i oqiwshilarg’a sabaqtan tis waqitlari estetikaliq ha’m fizikaliq ta’rbiya beriwdin’ waziypalarin tabisli tu’rde sheshiwge ja’rdem etedi.

Jumis ku’ni uzaytilg’an gruppalardin’ ta’rbiyashilari a’dette bul gruppalar qaysi klasslardan quralsa, sol klasslardin’ basshilari menen u’zliksiz qatnas jasaydi. Bul olarg’a oqiwshilardi jaqsilap biliw, gruppalardag’i ta’rbiyaliq jumisti klass basshilari menen kelisip aliw mu’mkinshiligin beredi. Geyde mektep basshilari sabaqtan tis ta’rbiyaliq jumistin’ metodikasin ha’m oni sho’lkemlestiriw ma’selelerin birlikte talqilaw ushin klass basshilari menen jumis ku’ni uzaytilg’an

gruppalardag’i ta’rbiyashilardin’ pedagogikaliq ma’jlisin (seminarin) shama menen ayina bir ret o’tkeredi.

Son’g’i waqitlari mektep turmisina sabaqtan tis ta’rbiya jumisinin’ jan’a formalari kirip keliwde. Mektep qaptalinda joqari klass oqiwshilarinin’ klublari, dem alis ku’ni klublari, ilim ha’m texnika klublari, internatsional klublar, qiziqli ushirasiwlardin’ klublari ha’m mekteptin’ basqa da o’z betinshe sho’lkemleri uyimlastirilip atir. Olar oqiwshilardin’ bos waqtin duris sho’lkemlestiriwge ja’rdem berip g’ana qoymay, al olardin’ o’z betinsheligi menen initsiativasinin’ rawajlaniwina da ta’sir etedi.

Klass basshisinin’ waziypasi – sabaqtan tis jumistin’ bul formalarina o’zinin’ klasindag’i barliq oqiwshilardi tartiwdan ibarat boladi.

## Juwmaq.

«Bastauısh sınıp oqushılarına dostıq qatnastı bekkemdeudin` ahmiyetti joldarı » taqırıbına qorıtındı jasay otırıp , biz birden`eni umıtpauımız kerek . Bolajaq a`uladtarımız aqıldı ,dana , bilimdı,qa`bilettı , jan`a na`rse jaratıushı o`z elinin` abırayın jog`arı ko`teriushı, adamgershilikti insan bolıp o`siu ushın olarg`a u`lken qa`biletke iye ustaz qajet .

Jasıratını joq , ta`lim tiziminde ayrım mektep ja`ne pedagogtar zamang`a keri bolg`an ta`rtipti qoldanadı ,sabaq barısında oqushının` namısına tiyiu , dostarı janında kemsitiu ,sebepsiz qorlau ,urıu ,osıg`an shıdamag`an baldar ne isterin bilmey a`r qıylı buzaqı joldarg`a kirip ketkeni biraz . Olardın` ishinde talanttı , qa`biletti baldarda boldı. O`kinishtisi , ol baldardan tek ta`rtipsizdik kutiuge boladı .Degen men on`dalıug`a bolatın ister ta`jiribeli oqıtushılarımızdın` qolınan keledi.

Kadrlar dayındaudın` ulttıq da`sturinin` maqsatı bilimlendiriu tarauına, tupten o`zgerister kirgiziu,onı o`tmishten qalg`an ideologiyalıq ko`z-qarastar ja`ne sarqıttardan tolıq tazalaudan ibarat.

Osı biz etken bitiriu mamandıq jumısımızdın` keleshek a`uladlarg`a ta`lim-ta`rbiya beriude paydası ulken dep oylaymın .

Bastauısh sınıp oqushılarında dostıq qatnastı damıtu boyınsha jas oqıtıushı mamandarg`a , ata analarg`a ,ayrım metodist apa ag`alarg`a o`zimnin` jumısım na`tiyjelerinen kelip shıqqan halda negizgi maqsatımızg`a jetiu ushın ja`ne orındau ushın to`mendegi pedagogikalıq ken`esterdi beriudi maqsetke muapıq dep esepteymin.

Burıng`ı tubalap qalg`an da`uirde ko`ptin` ayag`ına tusau bolg`an avtoritarlıq pedagogikadan ,burıng`ı oqıtıu texnologiyalardan bas tartıp jan`a texnologiyalardı qunt pen uyreniu qajet.

1.Memleketke jan`a zamang`a say ,a`r ta`repteme damıg`an jetik insan qajet,bul maqsatqa erisiu ushın bilimdi, pedagogikanın` barlıq sırların o`z boyında sin`irip alg`an oqıtıushı qajet .

2.

Pedagogikalıq innovatsiya ja`ne oqıtıu texnologiyaların durıs ja`ne orındı tan`dap oqushılardın` do`retiushilik uqıptılıg`ın , qa`biletin damıtıuda paydalang`an jo`n .

3.

Oqıtıushılar a`r kungi sabaqtarın dostıq qatnasta alıp barsa ,aldına qoyg`an maqsatına jetisedi .

4.

Oqıtıu protsessiide mug`allim men oqıushı sabaqtı do`retiushilik qa`lipte o`tkeriu, sabaqtın` sapalı bolıuına alıp keledi .

5.

Pedagogikalıq innovatsiya ja`ne texnologiya metodtarınan a`r bir mug`allim orındı ja`ne durıs paydalanıuda,oqıushılardın` jas ja`ne erekshelikterine nazar audarıu qajet.

6.

Bastauısh sınıp oqıushıları men innovatsiyalıq usıl men oqıushılardın` qa`biletin damıuda qa`legen pa`nde sabaq o`tiuine boladı .

7.

Mug`allim o`zinde pedagogikalıq texnologiyanın` barlıq sırların men`gergen halda bul na`rsege qol urıu kerek .Bolmasa sabaq keuildegidey bolmaydı.Kas shıg`araman dep ko`z shıg`armau kerek dep oylaymın.

8.

Bastauısh sınıp oqıushılarında uqıptı ,qa`bilettisi bolsa olar men istesiuge uaqıttı ko`p ajıratıu qajet , olarg`a basqasha tapsırmalar beriu kerek .

9.

Bastauısh sınıptar bilimnin` fundamenti bolıp esepteledi, sonın` ushın a`r qanday pa`nderdi osı bastan qızıqtı etip tusindirip barg`an jo`n .

10. Sabaq protsessinde oqushılardın` do`retiushilik qa`biletine ulken nazar audarıp barıladı .

11.

Oqıtıushıda sabaq protsesinde oqıushılarmen sabaq o`tiude jan`alıqqa qumarlılıq tipti innovatsiyalıq iskerlilikke ie bolg`an jaqsı .

12.

Mug`allimnin` dostıq qatnas stili tek oqushılar men emes ,al ata-analar jıynalısında , mektepten ja`ne sınıptan tıs ısterde ko`riniu qajet .

## Paydalanilg’an a’debiyatlar.

1. Karimov İ.A. Barokamol avlod- Uzbekstan taraqqiyoti poydevori .T. 1998y.

2. Karimov İ.A.Tarixıy yodnomasiz kelajak yuq T., 1998.

3. Karimov .İ.A Barkamol a`ulad arzusi. T., 1999.

4. Uzbekiston respublikasi Konstitutsiyasi. T., 1992.

5. Kadrlar tayorlash milliy dasturi T, 1997.

6.Maktab ta`limini rivojlantirish davlat umummilliy dasturi .2004-2009 yillar .

7.D.Abduraxmanova. "Pedagogik maharot". uquv qullanma`.T 2008 y

8. Goziev E. Psixologiya. T., 1994.

9.Munavarov A.. Pedagogika. T., 1996.

10.Kuchukbaev F. Tselostnaya Kontseptsiya shkol drujelyubnogo otnosheniya k rebenku . T., 2008 .

11. Maktab ta`limini rivojlantirishning zamonaviy aspektlari . T., 2009.

12 .Oshilov Yangi pedagogik texnologiyasi. 1997.

13. Kosnazarov K Birge islesiu pedagogikası .Karakalpakstan mug`allimi», 2001, Q 1-2.

14.Boshlangich talim jurnalı №9 2012.

15. Boshlangich talim jurnalı №10 2012

16..Boshlangich talim jurnalı №5 2012

17. Boshlangich talim jurnalı №7 2013

18.Boshlangich talim jurnalı №10 2013

19.Boshlangich talim jurnalı №1 2014

20 . .Boshlangich talim jurnalı №3 2014

## Mazmunı

**Kirisiw……………………………………………………………………….**

**1 bap . Axborat resurs oraylar**ı **haqq**ı**nda ul**ı**uma tu`sinik .**

**1.1 Baslau**ı**sh klass oq**ı**ush**ı**lar**ı**n**ı**n` axborat resurs oraylar**ı **haqq**ı**nda ul**ı**uma tu`sinigi ……………………………………………….**

**1.2. Baslau**ı**sh klass oq**ı**ush**ı**lar**ı**n**ı**n` oy- pikirin o`siriude oq**ı**u a`debiyatlar**ı**n**ı**n` orn**ı **. ……………………………………………………….**

**2-bap . Axborat resurs oraylar**ı**n**ı**n` ta`lim- ta`rbiya sag`as**ı**ndag`**ı **a`hmiyeti .**

**2.1. Mug`allimnin` baslau**ı**sh klass oq**ı**ush**ı**lar**ı**n ha`r ta`repleme ta`rbiyalauda kitaptan paydalan**ı**u us**ı**llar**ı **……………………………..**

**2.2. Baslau**ı**sh klass oq**ı**ush**ı**lar**ı**n**ı**n` kitap penen islesiuinde mug`allim ha`m ata-anan**ı**n` g`amxorl**ı**g`**ı **. ……………………………………**

**2.3.Ok**ı**ush**ı**lard**ı **klastan xam mektepten t**ı**s islerde kitap ok**ı**uga bolgan k**ı**z**ı**g**ı**ush**ı**l**ı**g**ı**n artt**ı**r**ı**u us**ı**llar**ı**…………………**

**Juwmaq…………………………………………………………………**

**Paydalanilg'an a'debiytlar………………………………………………..**